ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№244 (23.652) ● 2017 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 21, махуэжь ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

КІУЭКІУЭ Юрий: Нэхъыфіыж дыхъунуцы сыщогуг

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъэгъазэм и 20-м эфир занщІэкІэ жэуап яритащ абы упщІэкІэ зыхуэзыгъэзахэм.

АБы хэтыну кърагъэблэгъат промышленностым, мэкъумэш Іэнатіэм, спортым, егъэджэныгъэм, жылагъуэ, лъэпкъ-щэнхабзэ зэгухэныгъэхэм, нэгуэщІ унэтІыныгъэхэм я лЫкІуэхэр, республикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгьэфІ хуащІыну узыщцІугъ хьуну щІалэгъуалэр, хъыбарегъащІэ Іуэхущ1аПІэхэм я лэжьакІуэхэр.

Эфирым и пэщІэдзэм къагъэлъэгъуащ 2017 гъэм си республикэм и экономикэ, спорт, щэнхабзэ, егъэджэныгъэ, узынщагъэр хъумэн Іэнатіэхэр здыиэса лъагаПІэхэм ятеухуа нэтын. Илъэсым и екъуЛІэныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу кІыхьагъэщащ республикэм щыпсэу дэтхэнэри зыгъэпейтеІуэ щыта терроризм щІэпхаджагъэхэр зэрагъэмэщІар, ди щІыналъэм мамыр гъащІэр зэрыщыізэтраублэжар.

Эфир занщІэм зыхуагъэхъэзыру, республикэм щыпсэухэм нэхъ пасэу хъыбар ирагъэщІат КъБР-м и Іэтащхьэм зыхуагъэзэну Іэмал зэраІэмкІэ икІи абыхэм я упщІэ 70-м щІигъу ятхащ. Эфирыр екІуэкІыху къэпсэльхаэри мащІэкъым.

КІуэкІуэ Юрий зэхущІэр къыщызэІухым кІэщІу къытеувыІащ 2017 гъэм республикэм игъуэта социально-экономикэ зыужьыныгъэм. Абы къыздрихитащэщамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым иужьрей илъэсищым къищта социальнэ кьалэнхэр кьанэ щымыІэу игъэзэщІащ.

ЩІыуэпсым и хъэхуькъащІэ шынагъуэхэм щІыхуэхэр ящІзызыхумэ ухуэнысгъэхэр къызэрызэрагъэпэщым, а Іэнатіэр зэрырагъэфІэкІуэну я мурадым теухуауэ щытащ ялэ упщІэр.

- Ди республикэм и щІыналъэ псомиз яхуэгъэзащ а упщІэм и жэуап. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, мылъкушхуэ Іисраф зэрищІым и мызакъуэу, щІыуэпсым и къэхуькъащІэхэм щІыху щІыхэкІуади куэдрэ кІохуэу. Апхуэдэ шынагъуэхэм ялэщІэтыныр, абы папщІэ зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр и чэзум зэфІэгъэкІынныр ди къэралым и Президент Путин Владимир и нэІэ щІэтщ. 2017 гъэм а Іуэхуэхэм папщІэ федеральнэ мылъкум къыхэкІыу сом мелуан 25-рэ къытхуауатІыпщащ, 2018 гъэм мелуан 55-рэ хуХахыну яубзыхуащ. КъыкІэлъыкІуэ илъэсхэм а бжыгъэхэр куэдкІэ нэхъыбэ хъуну, абы хуХаха программмэхэм дыхэгъэхьэну дыщогуг ть, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий.

Налшык къалэ щыщ Щоджэн ФатІимэ и упщІэр ди республикэм терроризмэм пыща щІэпхаджагъэхэр нэхъ мащІэ зэрыщыхъуам, щІыналъэм мамыр гъащІэр быдэу щІыуныжауэ къэпльытэ хъун-мыхъуным екъэІат.

- Терроризм щІэпхаджагъэм зы къэралри нэсу щыхъумакъым. Пэжщ, ди республикэм апхуэдэ Іуэхуэхэр нэхъ щыужьыхащ. Ауэ ар зы Іэнатіэмэ, зы щІыху щхьэхуэмэ я закъуэ я фІыгъэкъым, атІэ унэтІныгьэ псомиз здэдІуэ ящІа лэжьыгъэм къыпэкІуауэ аращ. ДяпэкІи щІэгъэхуэбжьауэ а унэтІныгъэмкІэ дылэжьнущ, уеблэмэ, дэ къалэн нэхъыщхьэу зыхуэдгъэувыжхэм ящыщщ терроризмэм ебэныныр.

Тэрч щІыналъэм хьыхэ Курп Ипщэ дэс нэхъыжьыфІ, лажьыгъэ и ветеран Тымыжьы СультІан республикэм и унафэщІым лъэІуэ зыхуигъэзащ. Курп Ипщэ кьуажэм псы зэрекІуалІэ бжьамийхэр жьы зэрыхъуам и зэранкІэ мэкъутэри, псыр щІэх-щІэхыуэ ягъэувыІэн хуей мэхъу. Кьуажэм кьеІуалІэ бжьамийхэр щІэкІэ кІэзэрахъуэкІыну лъэІуэрт ар. КІуэкІуэ Юрий ар кьигъэгуГащ, Іэхур зытетыр пІалъэ кІэщІым кьуриубыдэу зыхигъэкІыну, Курп Ипщэ кьуажэр абы хэмытмэ, программэ пыухыкІам хигъахьэну.

Зауэм, лажьыгъэм, Іэщ1кІэ щІэщІэузэда къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм я республикэ зэгухьныгъэм и тхьэмадэ Шыхъуэбахьуэ Мухьэмэд кьуажэдэс куэдым я гукъеуэ къиІэтащ. Абы жиІащ кьуажэ пхыдзахэм хущхъуэщапІэ зэрыдэмытыр, абы кьыхэкІыу хущхъуэ кьэзыщхьунухэм километр 20 - 30 зэпаупщІын хуей зэрыхъур, абы хуабжьу гугъу зэрыригъахьыр.

КІуэкІуэ Юрий ар кьигъэгугащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм пщэрыльэ ящищу, а Іуэхум хэкІыпІэ кьыхуагъэутыну.

КъБР-м и ЩІыхубзхэм я зэгухьныгъэм и унафэщІ Къаскъул Іэулият гъащІэм щытыкІэ гугъуэ игъэува, Дыгулыбгъуей щыщ Кьуанашхэ я унагъуэм дэІэпыкъуныгъэ иратыну щІэзыІуащ.

Республикэм и щІыналъэ куэдым кьикІырт упщІэхэр, аХэр мэкъумэш Іэнатіэм, щІыр зэрагъэш щІыкІэм, республикэм щауха, щаухэу сымаджэщхэм, туризмэм зэрызрагъэужьыным, щІалэгъуалэ политикэм, нэгъуэщІ куэдми ятеухуат. Республикэм и Іэтащхьэм дэтхэнэми зэпкърыхауэ жэуап ираты кІи къыгъэгугъащ защІигъэкъуэну.

- Фыкьызэгъэгугъэ нобэ къытІэрагъэхьа упщІэ псоми дыхэпльэу, ди къару кьызэрихькІэ зыфщІэдгъэкъуэну. Дэ зэр зым дыззрыдэІэпыкъуным яужь дитыпхъэщ, ди щІыналъэ дахэр нэхъри зэредгъэфІэкІуэным дяпэкІи делажьыну сыщогугъ. Ди щІыналъэр унэтІныгъэ кІэщІэ кІэрыІуэ зыщІа щІыхуэхэр дидзэщ, куэдкІэ узыщІыгугъ хъуну щІэблэ къытщІохъуэ, нэхъыфІыж дыхъуну сыщогугъ, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий эфир занщІэр щызэхуищІыжым.

● КъБР-м и Парламентым

Хабзэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэ, илъэсым кърикІуар къапщытэж

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ Іуэхугъуэ 20-м щыхэплъа зи чэзу зэІущІэр.

«КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и бюджетыр 2018 гъэм, 2019 - 2020 гъэхэм ятещІыхьауэ» КъБР-м и хабзэм и проектым теухуауэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ республикэм финансхэмкІэ и министр **Бештокъуэ Жыр-Аслъэн**. Абы жиІащ 2018 гъэм федеральнэ ахъшэу республикэ бюджетым сом мелард 18-рэ мелуан 547-рэ къызэрыІэрыхьэнур. Абы щыщу дотацэ ахъшэр сом мелард 12-рэ мелуан 721-рэ мэхъу, федеральнэ субсидие хэхахэр - сом мелардри 4-рэ мелуани 132-рэ, субвенцэр зы мелардым щІегъу, нэгъуэщІ бюджет зэхуакъу трансферт ахъшэр - сом мелуан 38,3-рэ. Къэпсэльаж къызэрыхигъэщамкІэ, 2018 гъэм налог хэхъуэхэм бюджетым къритынущ сом мелард 10-рэ мелуан 920-рэ, нэгъуэщІ хэхъуэхэм - сом мелуан 798,4-рэ. 2018 гъэм республикэм кьигъэсбэпэныну зыхуеинур сом зы мелардрэ мелуан 283-кІэ нэхъыбэщ икІи псори зэхэту сом мелард 30-рэ мелуан 253-рэ мэхъу. Министрым дыщІигъащ республикэ бюджетым и профицитыр сом мелуан 13,6-рэ зэрыхьунур. Бюджет кредиту щІыналъэм къыІэрыхьащ сом мелардри 5,8-рэ. Депутатхэм зэдзэрэзыуэ проектыр етІуанэ ядж-гъуэкІэ къащтащ.

ЗэІущІэм щедэІуащ «ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэм и щІыналъэ фондым и бюджетыр 2018 гъэм, 2019 - 2020 гъэхэм ятещІыхьауэ» хабзэм и проектым. Іуэхущ1апІэм и унафэщІым и къуэдзэ **Кульбаевэ Мадинэ** жиІащ фондым и бюджетыр 2018 гъэм сом мелард 8-рэ мелуан 306-рэ, 2019 гъэм - сом мелард 8-рэ мелуан 604-рэ, 2020 гъэм - сом мелард 8-рэ мелуан 942-рэ зэрыхьунур.

КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш Іэнатіэмкіэ, экологиемкіэ, щІыуэпсым и кьугъуэфІыгъуэхэр кьэгъэсбэпэныпмрэ щІы Іуэхумкіэ и комитетым кьыхилъхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралъ дамыгъэхэм я Іуэхущ1э» КъБР-м и хабзэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и Законым и проектыр. Абы ипкъ иткІэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и эколог» цІэ лъапІэр игъэуващ.

- ЗэрыфщІэщи, 2017 гъэр ЩІыуэпсыр хъумэным и илъэсу щытащ икІи Къэбэрдей-Балъкъэрым а Іуэхум теухуауэ лэжьыгъэ щхьэпэ куэд щрагъэкІуэкІащ республикэм и министерствэхэмрэ Іуэхущ1апІэхэмрэ. А Іуэхухэм хэтащ жылагъуэ лэжьакІуэхэри щІалэгъуалэри. Абы кьыхэкІыу тэмэму къыдольытэ щІыуэпсыр хъумэным елэжь Іэщ1агъэлІэхэм, щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэ езыгъэкІуэкІэхэм, нэгъуэщІхэми я гуащІэм пщІэ игъуэтын хуейуэ. Дыщогугъ мы гъэм щІыуэпсым игъуэта гулъытэм адэкІи хэмыщІыну, - кьыхигъащ комитетым и унафэщІ **Мокаев Камал**.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ «УФ-м и административнэ хабзэхэр къызэпемыгъэудыныжкІэ и кодексым и 25.13-нэ статьым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» федеральнэ хабзэм и проектыр УФ-м и Президент Думэм къызэрыщагъэльэгъуэнум. Апхуэдэуи депутатхэм кьащтащ «Фадзэхэмрэ апхуэдэ эхэхэмэ псы-хэмрэ зэращэр гъэмэщІэным теухуауэ» КъБР-м и хабзэм халъхьэну кьагъэльэгъуэ зэхъуэкІыныгъэхэр.

КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм хагъэхьащ «Налшык къалэм и щІыхубзхэм я зэгухьныгъэ» жылагъуэ Іуэхущ1апІэм къыбгъэдэкІыу Кондратьевэ Милэ, Май районым и щІыпІэ администрацэм епха ЩІалэгъуалэ советым хэт Пуртовэ Юлие, Аруан районым и щІалэгъуалэ зэгухьныгъэм кьигъэльэгъуа Ерчэн Хьусен сымэ.

ЩІалэгъуалэ палатэм 2017 гъэм зэфІигъэкІа Іуэхухэм теухуауэ абы и унафэщІ **Гугуэутыж Ахьмэд** къыщыпсалъэм кьыхигъащащ Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуи 100-м нэблагъэ къызэрызэрагъэпэщар, псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ иІэу къызэрильытэр Щэшэн, Осетие Ищхэрэ - Алание республикэхэм я парламентхэм епхауэ лажьэ щІалэгъуалэ палатэхэм зэрадзэлэжьыну зэгурыІуэныгъэр зэрращыІыІам. Апхуэдэуи щІалэгъуалэм УФ-м и Къэрал Думэм къыщыхалъхьащ «Тутын ефэным, абы и Іугъуэм кІишэ зэранигъэм щІыхухэм я узынщагъэр щыхъумэным теухуауэ» Федеральнэ законым электрон тутыныр и зэранигъэмкІэ адрейм хэзбГадз зэрыхъунри къыщыгъэльэгъуэн папщІэ зэхъуэкІыныгъэхэр зэрыкалъхьапхъэр.

Депутатхэм яубзыхуащ КъБР-м и Парламентым 2018 гъэм и гъатхэ лэжьэгъуэм нэхъыщхьэу я нэІэ зытрагъэтынухэр. ЗэІущІэм и кІэм **Егоровэ Татьянэ** КъБР-м и Парламентым 2017 гъэм зэфІигъэкІахэр кьыззэщІикъуэжащ.

Абы кьыхигъэщащ 2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 460-рэ зэрырикъуар щІыналъэм зэригъэльэпІам мыхьэнэшхуэ зэриІар. «Урысейм и Президент Путин Владимир а ІуэхугъуэшхуэмкІэ кьыщыдэхъуэхъум кьыхигъэщауэ щытащ республикэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкІэ дяпэкІи зиужьыну, транспорт, туризм Іуэхугъэ щефІэкІуэну кьыззрыщыгугъэр. «Щэч хэмыльу, а кьалэнхэм ди къару кьызэрихькІэ дегугъун хуейщ, - жиІащ Егоровэ Татьянэ. - КъБР-м и Парламентыр сыт щыгъуи хущІокъу и пщэрыльхэр кьызыхэтІыныжу игъэззащІну, щыхухэм я псэукІэр нэхъ тынш зыщІ хабзэхэр иубзыхуну. 2017 гъэм депутатхэр жыджэру елэжьащ УФ-м и Президентым Къэрал Думэм Зэрызыхуигъаззм кьыхигъэщахэмрэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Парламентым Зэрызыхуигъэзам кьыщигъэльэгъуа кьыанэхэмрэ зэфІэгъэкІынным. ЖылпІэ хъунущ абыхэм дыпэлъэщауэ».

Егоровэм кьыхигъэщащ КъБР-м и Парламентым илъэсым кьриубыдэу хабзэ 61-рэ кьызэриштар, республикэ бюджетыр зэрагъэзащІэм зэпымыуу и нэІэ зэрытригъэтар. Псальэм папщІэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м и къэрал Іуэхущ1апІэр спутник Іэмалымкіэ бжыгъэ къэгъэльэгъуэкІэм зэрыхуэкІэм кьыхэкІыу, и технологиер егъэфІэкІуэным, кьэдрэ узримыхьэлІэ узыфэхэр зиІэхэм хущхъуэ кьахуэщхьэным, нэгъуэщІ Іуэхухэри кьэльытауэ 2017 гъэм депутатхэм бюджетым хэлъхьэн хуей зэхъуэкІыныгъэ къагъэлъэгъуам сом мелуани 155,7-рэ кьызэщІиубыдащ.

- Мы гъэм щІыналъэм и экономикэм зиужьын папщІэ, КъБР-м и Парламентым гулъытэ хэха хуищІащ инвестицэм, хьэрычэт Іуэху мащІэмрэ курытымрэ елэжьхэм зыщІагъэкъуэн папщІэ хабзэ пыухыкІахэр кьэщтэным. Апхуэдэуи 2017 гъэм Парламентым кьыщтащ «КъБР-м пенсэм щыхсэр ирипсэун папщІэ нэхъ мащІэ быдэу кьахьым яухуэнкІэ зэрыкъуэхьуэнымрэ социальнэ ахъшэу щыІагъэунымрэ и Іуэхукіэ» хабзэр. Мы гъэм УФ-м и Къэрал Думэм федеральнэ хабзэхэм я проекти 8 едгъэхьащ, - жиІащ Егоровэм. - 2018 гъэм КъБР-м и Парламентым илъэс 25-рэ зэрырикъур игъэлъэпІэнущ. Тхыдэ и лъэныкъуэкІэ кьапщтэмэ, а зэман кІэщІым хабзэгубгъуэ орган нэхъыщхьэм зиужьауэ, и кьалэнхэм сыт и лъэныкъуэкІи пэлъэщу жыпІэ хъунущ кьызолъытэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфІхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2018 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм унэм ныфхуахьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІэдзыныр зэрекІуэкІыр.

Ди газетым илъэс ныкъуэм и уасэр сом 815-рэ кІэнІейкІи 10-рэщ.

Ди индексыр 51531

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъэзащІэм и эфир занщІэкІэ жэуап яритащ абы упщІэкІэ зыхуэзыгъэзахэм.

АБы хэтыну кърагъэблэгъат промышленностым, мэкъумэш Іэнатіэм, спортым, егъэджэныгъэм, жылагъуэ, лъэпкъ-щэнхабзэ зэгухьныгъэхэм, нэгъуэщІ унэтІныгъэхэм я лЫкІуэхэр, республикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгьэфІ хуащІыну узыщцІугъ хьуну щІалэгъуалэр, хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэр.

Эфирым и пэщІэдзэм къагъэлъэгъуащ 2017 гъэм си республикэм и экономикэ, спорт, щэнхабзэ, егъэджэныгъэ, узынщагъэр хъумэн Іэнатіэхэр здыиэса лъагаПІэхэм ятеухуа нэтын. Илъэсым и екъуЛІэныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу кІыхьагъэщащ республикэм щыпсэу дэтхэнэри зыгъэпейтеІуэ щыта терроризм щІэпхаджагъэхэр зэрагъэмэщІар, ди щІыналъэм мамыр гъащІэр зэрыщыізэтраублэжар.

Эфир занщІэм зыхуагъэхъэзыру, республикэм щыпсэухэм нэхъ пасэу хъыбар ирагъэщІат КъБР-м и Іэтащхьэм зыхуагъэзэну Іэмал зэраІэмкІэ икІи абыхэм я упщІэ 70-м щІигъу ятхащ. Эфирыр екІуэкІыху къэпсэльхаэри мащІэкъым.

КІуэкІуэ Юрий зэхущІэр къыщызэІухым кІэщІу къытеувыІащ 2017 гъэм республикэм игъуэта социально-экономикэ зыужьыныгъэм. Абы кьыздрихитащэщамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым иужьрей илъэсищым къищта социальнэ кьалэнхэр кьанэ щымыІэу игъэзэщІащ.

ЩІыуэпсым и хъэхуькъащІэ шынагъуэхэм щІыхуэхэр ящІзызыхумэ ухуэнысгъэхэр къызэрызэрагъэпэщым, а Іэнатіэр зэрырагъэфІэкІуэну я мурадым теухуауэ щытащ ялэ упщІэр.

- Ди республикэм и щІыналъэ псоми яхуэгъэзащ а упщІэм и жэуап. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, мылъкушхуэ Іисраф зэрищІым и мызакъуэу, щІыуэпсым и къэхуькъащІэхэм щІыху щІыхэкІуади куэдрэ кІохуэу. Апхуэдэ шынагъуэхэм ялэщІэтыныр, абы папщІэ зыхуэфащэ лэжьыгъэхэр и чэзум зэфІэгъэкІынныр ди къэралым и Президент Путин Владимир и нэІэ щІэтщ. 2017 гъэм а Іуэхуэхэм папщІэ федеральнэ мылъкум къыхэкІыу сом мелуан 25-рэ къытхуауатІыпщащ, 2018 гъэм мелуан 55-рэ хуХахыну яубзыхуащ. КъыкІэлъыкІуэ илъэсхэм а бжыгъэхэр куэдкІэ нэхъыбэ хъуну, абы хуХаха программмэхэм дыхэгъэхьэну дыщогугъ, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий.

Налшык къалэ щыщ Щоджэн ФатІимэ и упщІэр ди республикэм терроризмэм пыща щІэпхаджагъэхэр нэхъ мащІэ зэрыщыхъуам, щІыналъэм мамыр гъащІэр быдэу щІыуныжауэ къэпльытэ хъун-мыхъуным екъэІат.

- Терроризм щІэпхаджагъэм зы къэралри нэсу щыхъумакъым. Пэжщ, ди республикэм апхуэдэ Іуэхуэхэр нэхъ щыужьыхащ. Ауэ ар зы Іэнатіэмэ, зы щІыху щхьэхуэмэ я закъуэ я фІыгъэкъым, атІэ унэтІныгъэ псоми здэдІуэ ящІа лэжьыгъэм къыпэкІуауэ аращ. ДяпэкІи щІэгъэхуэбжьауэ а унэтІныгъэмкІэ дылэжьнущ, уеблэмэ, дэ къалэн нэхъыщхьэу зыхуэдгъэувыжхэм ящыщщ терроризмэм ебэныныр.

Тэрч щІыналъэм хьыхэ Курп Ипщэ дэс нэхъыжьыфІ, лажьыгъэм и ветеран Тымыжьы СультІан республикэм и унафэщІым лъэІуэ зыхуигъэзащ. Курп Ипщэ кьуажэм псы зэрекІуалІэ бжьамийхэр жьы зэрыхъуам и зэранкІэ мэкъутэри, псыр щІэх-щІэхыуэ ягъэувыІэн хуей мэхъу. Кьуажэм кьеІуалІэ бжьамийхэр щІэкІэ кІэзэрахъуэкІыну лъэІуэрт ар. КІуэкІуэ Юрий ар кьигъэгугащ, Іэхур зытетыр пІалъэ кІэщІым кьуриубыдэу зыхигъэкІыну, Курп Ипщэ кьуажэр абы хэмытмэ, программэ пыухыкІам хигъахьэну.

Зауэм, лажьыгъэм, Іэщ1кІэ щІэщІэузэда къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм я республикэ зэгухьныгъэм и тхьэмадэ Шыхъуэбахьуэ Мухьэмэд кьуажэдэс куэдым я гукъеуэ къиІэтащ. Абы жиІащ кьуажэ пхыдзахэм хущхъуэщапІэ зэрыдэмытыр, абы кьыхэкІыу хущхъуэ кьэзыщхьунухэм километр 20 - 30 зэпаупщІын хуей зэрыхъур, абы хуабжьу гугъу зэрыригъахьыр.

КІуэкІуэ Юрий ар кьигъэгугащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм пщэрыльэ ящищу, а Іуэхум хэкІыпІэ кьыхуагъэутыну.

КъБР-м и ЩІыхубзхэм я зэгухьныгъэм и унафэщІ Къаскъул Іэулият гъащІэм щытыкІэ гугъуэ игъэува, Дыгулыбгъуей щыщ Кьуанашхэ я унагъуэм дэІэпыкъуныгъэ иратыну щІэзыІуащ.

Республикэм и щІыналъэ куэдым кьыкІырт упщІэхэр, аХэр мэкъумэш Іэнатіэм, щІыр зэрагъэш щІыкІэм, республикэм щауха, щаухэу сымаджэщхэм, туризмэм зэрызрагъэужьыным, щІалэгъуалэ политикэм, нэгъуэщІ куэдми ятеухуат. Республикэм и Іэтащхьэм дэтхэнэми зэпкърыхауэ жэуап ираты кІи къыгъэгугъащ защІигъэкъуэну.

- Фыкьызэгъэгугъэ нобэ къытІэрагъэхьа упщІэ псоми дыхэпльэу, ди къару кьызэрихькІэ зыфщІэдгъэкъуэну. Дэ зэр зым дыззрыдэІэпыкъуным яужь дитыпхъэщ, ди щІыналъэ дахэр нэхъри зэредгъэфІэкІуэным дяпэкІи делажьыну сыщогугъ. Ди щІыналъэр унэтІныгъэ кІэщІэ кІэрыІуэ зыщІа щІыхуэхэр дидзэщ, куэдкІэ узыщІыгугъ хъуну щІэблэ къытщІохъуэ, нэхъыфІыж дыхъуну сыщогугъ, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий эфир занщІэр щызэхуищІыжым.

КІуэкІуэ Юрий гуфІэгъуэ махуэмкІэ - Урысей Федерацэм щынагъуэншагъэмкІэ и органхэр кьызэрызэрагъэпэщрэ илъэсищэ зэрырикъуамкІэ - екъуэхъуащ УФ-м ЩынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ кьуплькъуэІапІэм и управленуэ КъБР-м щыІэм и унафэщІхэмрэ абы и лэжьакІуэхэмрэ

Дыгъуасэ Налшык щекІуэкІащ Урысей Федерацэм щынагъуэншагъэмкІэ и органхэр кьызэрызэрагъэпэщрэ илъэсищэ зэрырикъуам теухуа гуфІэгъуэ зэІущІэ. Абы кьрихьэлІащ КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, судыщІэ, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я унафэщІхэр, кьулыкъум и ветеранхэр, жылагъуэ зэгухьныгъэ нэхъ инхэм я лЫкІуэхэр.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ я пащхьэ кьыщыщыпсалъэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий жиІащ:

«Нобэ дэ догъэльапІэ ди къэралым и суверенитетымрэ лъэпкъ фІыгъуэхэмрэ текІ имыІэу зыхъумэ щІыху лъэщхэр, тегушхуэныгьэрэ лІыгъэрэ зыхэлъхэр. ФІыщІэ хэха яуэфащэщ кьулыкъум и ветеранхэу хьэлэлу икІи щхьэмыгъазэу Хэкум хуэлэжьахэм.

Нобэ дэ дигу кьыдогъэкІыж шынагъуэншагъэмкІэ органхэм я лэжьакІуэу кьулыкъум пэрыту хэкІуэда псори. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ди Управленэм и лэжьакІуэхэри хэщІыныгъэншэ хъуакъым. Абыхэм я хахуагъэмрэ лІыхъужьныгъэмрэ сыт щыгъуи щапхъэ гъуэзэджэу щытынущ.

ИкъэкІэ пщІэшхуэ кьалэжь Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыІэм и иджырей лэжьакІуэхэу республикэм и шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыным, жылагъуэ-политикэ зэпІэзэрытыныгъэр гъэбдэным зи кьарур езыхьэлІэхэм. ШынагъуэншагъэмкІэ органхэм зэманым кьалэн инхэр яхуэгъэув. Ар кьызыхэкІыр ди лъэхъэнэм шынагъуэхэр, абыхэм дунейпсо терроризмэм и шынагъуэри ехэту, нэхъыбэ зэрыхъуарц. ЦІыхубэр фэ къыфащІугуГъ республикэм исхэр шынагъуэншэу псэунымкІэ, лэжьэныкІэ зыхуей Іэмалхэр кьызэгъэпэщыным адэкІи фхуэзэфІэкІ псори хэфащІыхьыну».

Я кьалэнхэр нэгъэсауэ зэрагъэзащІэм папщІэ КъБР-м и Іэтащхьэм и УказкІэ Управленэм и лэжьакІуэ щхьэхуэхэм кьэрал дамыгъэхэр яритащ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпэщІэтыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр зэгъэуІунымкІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2015 гъэм фокІадэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №141-УГ-мкІэ зэхущ1ащ, зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коррупцэм щыпэщІэтыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр зэгъэуІунымкІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коррупцэм щыпэщІэтыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр зэгъэуІунымкІэ комиссэм теухуауэ» 2015 гъэм фокІадэм и 30-м къыдигъэкІа Указ №141-УГ-мкІэ кьищтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Воронин С. В. - Урысей Федерацэм ЩынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ кьулыкъущІапІэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

КІасэ Д. Ч. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэхъэзыбж палатэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Нэгъуей А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм коррупцэм пэщІэтыным пыща Іуэхуэхэмкіэ и управленэм и унафэщІыр *(Комиссэм и секретарщ)*

Тату Къ. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ щынагъуэншагъэмкІэ и советым и секретарыр;

б) Комиссэм кьыхэхъэкІыжьын Емкъуэ А. Хь., Марков И. А., Марьяш И. Е., Усов О. Л. сымэ.

2. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м
№163-УГ

Къуажэдэсхэр илъэс тІощІкІэ зыпэплъа гуфІэгъуэ

ЩэнхабзэмкІэ унэ зэІуэпэщ кьыщызэІуахащ Тэрч муниципальнэ районым хыхьэ Хьэмидей кьуажэм. Ар яухуащ «Урысей зэкъуэтым» и «Кьуажэм и щэнхабзэ унэ» парт проектым хиубыдэу.

КЪУАЖЭДЭСХЭМ ЯІ Іуэху гуфІэгъуэмкІэ ехъуэхъуну къэкІуат КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ, КъБР-м узынщагъэр хъумэныкІэ и министр Хьубий Марат, Тэрч муниципальнэ районым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ и советым и тхьэмадэ Хьэжу Владимир, Тэрч муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Дадэ МуІэед, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэр, цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм я лЫкІуэхэр.

Егоровэ Татьянэ и псалъэм къыхигъэщащ мы Іуэхущ1апІэр «Урысей зэкъуэт» партым и проектым хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым зэман кІэщІым къриубыдэу щащІахэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр.

- Гуапэщ кьуажэхэм иджырей щэнхабзэ унэхэр дэщІыхьыныр «Урысей зэкъуэт» партым япэ иригъэщІа Іуэхуэхэм зэращыщыр, - жиІащ адэкІэ Егоровэ Татьянэ. - Мыпхуэдэ зыгъэпсэхупІэ екІум Хьэмидей кьуажэм дэсхэр илъэс 20-м щІигъкІэ пэплъащ. Щэч кьытесхьэркъым нобэ дэ дызэщІыгъуу кьызэІутх Іуэхущ1апІэр цІыхухэм я зыгъэпсэхупІэ нэс зэрыхъунуми.

Адэкіэ Егоровэ Татьянэ зэІущІэм кърихьэлІахэм ягу кьигъэкІыжащ республикэм и кьуажэ зэмылІэужьыгъуэхэм мы махуэхэм иджыри мыпхуэдэ унэхэр кІыхьзрыщыгъэзэхуахар икІи жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІхэм социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхущ1апІэхэр къэгъэщІэрэщІжьыным, щІэуэ уэхэным гулъытэ хэха зэрыхуащІыр.

Кьуажэдэсхэм апхуэдэу хъуэхъу псалъэхэмкІэ захуигъэзащ Тэрч муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэ Дадэ МуІэед. Абы жиІащ Іуэхущ1апІэм и пщІантІэрэ кьедза щІыналъэри мыгувэу зыхуэй зэрыхуагъэзэнэр, сабийхэм я зыгъэпсэхупІэ кьызэрыщызэрагъэпэщынур.

Мы проектыр кьыхэзыльхьахэм, Іуэхущ1апІэр зыщІа Іуэхуэкіуэхэм, республикэм и унафэщІхэм, хьэщІэхэм кьуажэдэсхэм я щІэкІэ фІыщІэ яхуищІащ Борий Къэралбий.

ДЫГЪУЖЬЫКЪУЭ Бэч.

Германием и Нюрнберг къалэм щекІуэкІащ полимер къабзэхэм иджырей зэманым щафыд увыпІэм теухуа дискуссиер зэІущІэ.

МЫ зэхьыхэм къэралыгъуэ 34-м щІэныгъэм

● УФ-м Шынагъуэншагъэмкіэ и органхэм я лэжьакіуэм и махуэм ирихьэлІэу

Хэкум и ипщэ гъунапкъэхэм я хъумакІуэхэр

Урысей Федерацэм Шынагъуэншагъэмкіэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм Іыхьэ щхьэхуэу хэтщ гъунапкъэхъумэ Іэнатіэр. Абы и кьалэн нэхъыщхьэр Урысейм и къэрал гъунапкъэр тенджызхэми, псыхэми, щІыпІэми щыхъумэнырщ, апхуэдэу Урысей Федерацэм езым и закъуэ экономикэ мурадкІэ къигъэсэбэпыну хуитныгъэ щызиІэ тенджызхэм хэс псэущхьэхэр хъумэнырщ.

ГЪУНАПКЪЭХЪУМЭ дзэхэм хиубыдэу щІыхуищэм щегъэжьауэ щІыху 300-м нэс зыхэт маневренкэ гупхэр кьыззрагъэпэщауэ щытхьэ ОГПУ-м 1925 гъэм шыщхьэупм и 27-м кьыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ. А лъэхъэнэм плІыщІэр ещанэ Геок-Тапинскэ гъунапкъэхъумэ отрядым хиубыдэу кьызэрагъэпэщауэ щыта гупым (Урысейм Шынагъуэншагъэмкіэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Гъунапкъэхъумэ управленэу КъБР-м щыІэр кьызыгекІыжам) и кьалэнт зыкъызэкъуахьырэ ди гъунапкъэхэм кьебгъэрыкІуэхэм япэщІэтыну, диверсант гупхэмрэ Іэщэкіэ зэщІэуэздэ бандхэмрэ ебэныну, хабзэм къемызэгъыу къэрал гъунапкъэм зэпрыкІыныр къимыгъэхъуну, апхуэдэу къэрал гъунапкъэм егъэщІылІа щІыналъхэм щІэпхъеджащІэхэмрэ политическэ бийхэмрэ иригъэкъабзыкІыну. Маневренныгэ гупыр гъунапкъэхъумэ отрядым и унафэщІым и дзэпкьыхъуэгъум и оперативнэ унафэм щІэтт.

КъыкІэлъыкІуэ илъэсхэм къэрал гъунапкъэм зэхэуэхэр мыухыжу щекІуэкІыжу щытащ икІи а илъэсхэм нэрылъагъуу ирагъэфІэкІуащ маневренныгэ гупым и кьызэгъэпэщыкІэрэ абы къигъэсэбэп хэкІыпІэхэмрэ Іэмалхэмри. Шынагъуэ нэхъ здэщыІэ щІыпІэхэм гъунапкъэр нэхъ ткІийуэ щахъумэн, а Іуэхум пыщІа гупхэм я зэдзэпэжькІэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ оперативнэ резервхэр кьызэрагъэпэщауэ щытащ. 1932 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм ирихьэлІэу маневренныгэ гупыр шуудзэ дивизоннэу тІурэ зы фочауэ дивизионрэ хъууэ, щІыху 209-рэ хэту, шыуэ 144-рэ иІэу щытащ.

Зауэ нэужь лъэхъэнэм гъунапкъэхэр хъумэныным хэуІэзэауи зыгуфІуауэ къагъэсэбэпу щІадзащ мотомеханизацэр. Маневренныгэ гупхэм а зэманым щыІа бронетехникэ, артиллерие нэхъыфІхэр кьратуу щІадзащ. Совет-Иран гъунапкъэм щыщу Азербайджаным хиубыдэ километр 256-р зыхъумэ Пришивскэ отрядым СССР-м и къэрал гъунапкъэхэм хабзэм къемызэгъыу зэпрыкІыу е кьызэпрыкІыу щІыхуищэ бжыгъэхэр кьыщІиубыдащ.

Совет Союзыр къутэжу Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэгуфхэныгъэ кьызэрагъэпэщауэ нэужь кьару игъэтащ Урысей Федерацэмрэ Азербайджан Республикэмрэ зэращыІа зэгурыІуэныгъэхэр. Абы ипкъ иткІэ 1993 гъэм Кавказ щІыб гъунапкъэхъумэ округым и дзэхэр щІэуэ къэунэхуа къэралым кьрашьжащ, а округым хиубыдэ 43-нэ гъунапкъэхъумэ отрядхэм я гъунапкъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр яубзыхуащ.

Дзэхэр кьыщыІэпхъуэжьм нэхъ лэжьыгъэ хьэлъэ дыдэр тегъэщІауэ щытащ мотоманевренныгэ гупым. Абыхэм гъущІ гъуэгу вагон 98-м хьэлъэхэр иралъхьащ, техникэ зэмылІэужьыгъуэ 98-рэ кьэшащхьэ, дзэ кьулыкъущІэу 437-рэ я унагъуэхэр ящІыгъуу кьэкІуэжащ.

Гъунапкъэхъумэ отрядыр аргуэру хэхуащ гъунапкъэщІэхэр убзыхуныкъ ахэр зыхуей псомкІи кьызэрэпэщыныкъ епыщІа гугъуехьхэм. АтІэми а зэманым зыхуей мыпхъуи ахъшэуи кьахъуэтыпщыр икъуакІэ мащІэщ. Заставэхэр щІыпІэ нэщІхэм кьащІыщІэхьыр, щІыхуэр, чэтэн щэтыр-хэм, щІыпІхэм нэху кьащІекІыр. Зэфэну псыри шхынри зэрыхьукІэ кьызэрагъэпэщу арат. КьащІу жьипІэмэ, гъунапкъэхъумэхэм я Іуэхур тынштэкъым. Мис апхуэдэ лъэхъэнэм абыхэм яхуэзфІэкІ псомкІи зыщІагъэкъуащ республикэм и жылагъуэхэу къэрал гъунапкъэхэм нэхъ япэгъунэгъуэхэм щыпсэуэхэм.

Дунейм щыІэ щытыкІэм зэрызихъуэжам икІи кьалэнныщІэхэр кьызэрыувам кьыхэкІыу XXI лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэм гъунапкъэхъумэ органхэм я лэжьакІэмрэ абыхэм я кьэзэгъэпэщыкІэмрэ зэхъуэкІыныгъэ куэд халъхьащ. Къэралым щыІэзэтеуащ политикэ, экономикэ щытыкІэщІэм, дунейм къыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэхэм тэмэму езэгъ икІи лэжьакІэщІэм хуэхъэзыр гъунапкъэхъумэ органхэр.

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м боевикэр Налшык кьалэм кьызэрытеуам наІуэу кьиГъэпэгъащІ КъБР-м испытам диным и мэсхьэб егъэлеям зэрызыщыубгъуар икІи абы пэщІэтыным тещІыхьа бэнэныгъэр икъукІэ ткІийуэ зэрекІуэкІынур. Республикэм щыІэ щэхурылажьэ бандэ гупхэм езыхэм я сэбэп зыхэлъхэм тещІыхьауэ диныр къагъэсэбэпыну хущІэкъурт. А махуэ гузэвэгъуэхэм хиубыдэу террористкэр зэтракъутами, абыхэм я гугъапІэхэр яфІэкІуэдатекъым икІи хабзэхъэцумэхэм, властым и органхэм я лэжьакІуэхэм, апхуэдэу гъунапкъэхъумэхэм ятеуэрт. Къешащтэмэ, 2006 гъэм и фокІадэ мазэм гъунапкъэхъумэ Іэнатіэм кьулыкъу щызыщІэхэм ящыщ гуп зэрыс автомашинэр лагъым щалъхьэри кьагъауэуэ щытащ. Апхуэдэ зэман гугъуэм отрядым и мотоманевренныгэ гупыр кьагъэсэбэпащ гъунапкъэхъумэ Іэнатіэм и Іуэхущ Іапі экъэр, дзэ кьулыкъущІэкэр, абыхэм я унагъуэхэр хъумэным хуэгъэзауэ.

Урысейм Шынагъуэншагъэмкіэ и федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Гъунапкъэхъумэ Іэнатіэм и лэжьакІэр зэрызэрахъуэкІам кьыхэкІыу 2006 гъэм мэкъуэуцгъуэм и 1-м зэхуащІыжауэ щытащ Бэракъ пТыжькъ орденыр зезыхъэ 43-нэ Налшык гъунапкъэхъумэ отрядыр. Абы и пІэкІэ кьызэрагъэпэщащ Урысейм Шынагъуэншагъэмкіэ и федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Гъунапкъэхъумэ управленэу КъБэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр. Апхуэдэу щыщІыткІэ, мотоманевренныгэ гупхэм я статусми зиІэтащ икІи ахэр щІэуэ кьызэрагъэпэща управленэм и дзэ резерв хъуащ. Куэд щІадзыным Кавказ Ищхьэрэ щыналъэм жылагъуэ-политикэ щытыкІэр егъэлеяуэ ткІийуэ щыщыта зэманыр. НэгъуэщІ кьэралхэм щыІэ кьарухэм кьызэщІагъэт бандэ гупхэм я мурадт Урысей Ипщэм мафІэ ирадзыну, федеральнэ центрымрэ щыналъэхэм щыІэ властымрэ Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм я экономикэ зыужьыныгъэр щІагъэхуэбжьным хуэгъэзауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр кьызэпаудыну.

Апхуэдэ зэман хьэлъэм УФ-м Шынагъуэншагъэмкіэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Гъунапкъэхъумэ управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и зауэлІхэм кьагъэлъэгъуащ абыхэм япэ ита дзэ кьулыкъущІэхэм я хабзэ нэхъыфІэр зэращымыгъупщар икІи оперативнэ щытыкІэ гугъум кьыкІыпІ папщІэ я уэзыншагъэми я гъащІэми еблэжакъым, Урысей Федерацэм и къэрал гъунапкъэр хъумэныкІэ кьабгъэдэхуэ кьалэн лъапІэр нэсу ягъэззэщІащ. Урысеймрэ Курджымрэ яку дэлъ гъунапкъэм щыщу километри 130-рэ хуЫыхьэр хъумэныр зи кьалэн нэхъыщхьэу щыт зерегъыпхъэ щыІэ щхьэщІэхэр жьыдэру хэтащ МВД-мрэ щыналъэм щыІэ гъунапкъэр хъумэныкІэ органхэмрэ зэщІыгъу кьызэрагъэпэщ оперативнэ Іуэхуэхэр.

Иджыпстуи Урысейм Шынагъуэншагъэмкіэ и федеральнэ къулыкъущІапІэм и Гъунапкъэхъумэ управленэу КъБР-м щыІэм кьулыкъу щызыщІэхэм зэпымыуэ я нэІэ трагъэтщ кьэралгъунапкъэм щыІэ щытыкІэм икІи щынагъуэ гугъу кьыщыкъуэкІам деж икІэщІыпІэкІэ сыт уэздэ мыхъумыщІагъэри кьызэпаудыну икІи я кьалэнныр нэсу ягъэззэщІэну ХЬЭЛЫШХ Аннэ.

Джэдгъэф Аслъэмырзэ

Аслъэмырзэ и адэ Исуф, и кьуэрылъхупхъурылъхухэр и гъусэу. *1968 гъэ*

Ди тхыгъэр зытеухуа Джэдгъэф Аслъэмырзэ Исуф и кьуэр ди лъэпкъым и кьуэ пажэхэм ящыщщ. Зи ныбжьыр илъэс 95-рэ иджыблагъэ ирикъуа адыгэлІым ирехьэкІ Іуэхугъуэфі куэдкІэ гъэнщІа гъащІэ купщІафІэ. Ди республикэм кьикІуа гъуэгуанэм кьыхэбгджьылыкІ кьэхъукъащІэ нэхъыщхьэхэр кьанэ щымыІэу и нэгу щІэкІащ Аслъэмырзэ. Ахэр нэрылъагъу щыхъуам и мызакъуэу, ящыщ куэдым жьыджэру хэтащ езыри и унагъэри, ди шыналъэр егъэфІэкІуэным, зегъэужьыным я зэфІэкІи, кьаруи, щІэныгъи ирахьэлІэу.

И пщІэ, и нэмыс иІыгъыжу

● Ди нэхъыжьыфІхэр

ДЖЭДГЪЭФЫР Бахъсэн районым хыхьэ Зеикъуэ кьуажэм 1922 гъэм и дыгъэгъазэ мазэм кьыщалъхуащ. Адыгэ хабзэр, пщІэр, нэмысыр щызекІуэрт Аслъэмырзэ и адэ-анэ Исуфрэ ФІыцІэрэ яуха унагъуэм. Ахэр ящыщт кьуажэм пщІэ щызиІэхэм. ФІыцІэ дзрбзэр Іэзэти, и нэр зытеплъа фэилъхьэгъуэр мастэнэм кьырфІихьыфырт. Исуфти, адыгэ шхыныгъуэхэм абы хуэдэу хуэІэкІуэльакІуэ адыгэлІ гъуэтыгъуейт. Абы ипщэфІэ лъэпкъ шхыныгъэхэм щыщ Іуамыгъэхуауэ ди щІыналъэм зы хьэщІэ лъапІи щрамыгъэжьэжми ярейт, апхуэдэу пщафІэ Іэзэти. Аслъэмырзэ зырыжиІэжьмкІэ, Исуф мызэ-мытІэу щытхъуэшхуэ хужаІащ Киров, Сталин, Ворошилов, Будённый сымэ, адыгэ щІыналъэм кьихьа нэгъуэщІ хьэщІэ лъапІэхэми.

Адэ-анэр зи щапхъэу къэтэдж щІалэщІэр захуагъэмрэ пэжьыгъэмрэ дапщэщи и тельхьэт. Ар зыщІэс еджапІэм, зыхэс гупым зэныкъуэкъу гуэр кьыщыхьымэ, хеящІу яІэр Аслъэмырзэт. ГъащІэр тІэу пкІэгъуэ зыхуэмыхъу зи щІалэгъуэ гупым я ныбжьыр илъэс 17-18-м нэсауэ арат, Хэку зауэшхуэр кьыщыхьеям щыгъуэ. 10-нэ классым кьыщІэкІ щІалэгъуалэм, щхьэж зэрыхуагъэфащэкІэ, Іэщ-агъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыхъурагъаджэ курс кІэщІкэр кьрагъэуохащ, иужькІэ фронтым кІуа балигъэр зыІукІа Іэнатіэхэм ахэр Іуагъэшащ, Аслъэмырзэ егъэджэныгъэм зритащ. Абы лэжьэн щыщІидзащ Кьызбурн Бзаным дзта курыт школым.

- Нэмыщхэр ди щІыналъэм пэгъунэгъу кьызэрыхуам и хьыбар зэхэсча нэужь, сэ Кьызбурн сыкьикІыжри ди жылэ сыкъэкІуэжат пІэщІэгъуэкІэ. Ди къуэрам румынхэри, нэмыцэхэри, венгрэхри кьыдыхьакІэти, унагъуэхэр яхъунщІэрт, - игу кьеГъэкІыж Аслъэмырзэ. - Ди адэм а хьыбархэр кьызэрысхуиІуатэу, захуагъэр зэхэзгъэкІыну утыку сихьащ: нэмыцэ офицерым деж сыкІуэри, и учитель щІэт сэлэтхэм зэхащІыхьхэм щыгъуазэ сщІащ. Офицерым тезыр ятриІъхьащ дыгъуэгъуакІуэхэм икІи кьаугъуеяхэм щыщ Іыхьэ гуэрхэр щІыхуэхэм иратыжыну унафэ ищІат.

Нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэр ди республикэм ирахужа нэужь, Аслъэмырзэ псэ кьабзэу ирихьэкІащ дзыхь кьыхуащІ дэтхэнэ Іэнатіэри. Адрейхэм щапхъэ яхуэхъуу, абы зэфІэкІыну бгъэдэлъыр ирихьэлІэрт бийм зэкиьута хозяйствэр зэман кІэщІым кьриубыдэу зэфІэгъэувэжыным. Ар щІысхьрабгъу имыІэу япэщІэувэрт колхоз мылъкум «Іэ фІейкІэ» хэлэбэ дэтхэнэми. Пэжыгъэ, жэуапІыныгъэ ин зыхэлъу гу зылъата щІалэ жаныр 1944 гъэм хагъэхьащ Тырныауэ дэт вольфрам-молибден комбинатыр зэзэгъэпэщыжыну ягъакІуэ лэжьакІуэ гупым. Абы зэрыжиІэжьмкІэ, лъэхъэнэ хьэлъэт, пхъашэт ар. ЛэжьакІуэхэр шхынкІи псэупІэкІи тэмэму кьызэгъэпэщатэкъыми, мыбдежми утыку ихьащ Джэдгъэфыр. Куэд дэмыкІыу лэжьакІуэхэм я Іуэхур нэхъ ефІэкІуауэ щытащ. Апхуэдэу Іуэхур дигъэкІыу, лэжьыгъэр нэхъыфІу кьызэгъэпэща хъунымкІэ лъэкІ кьимыгъанэу и Іэнатіэм пэрытащ щІалэщІэр. Комбинатыр зэгъэпэщыжьным епха Іуэхугъуэ нэхъыщхьэм ящыщ куэд дзыхь зыхуащІ щІалэхэм ящыщ Аслъэмырзэ мурад ищІащ, зэрылажьэм хуэдэуэрэ, курыт щІэныгъэ зэриІэм щыхьэт техьуэ тхьилъ зэрегъэпэщыжыну икІи пщыхьэщхьэрыеджэ школым щІэтІысхьэри, ар 1948 гъэм фІы дыдэу кьиуахьжащ. Зэригучъам хуэдэу, Джэдгъэфым и тхьилъхэр игъэхьащ Дзауджикау кьалэм (арат абы щыгъуэ Владикавказ зэреджэр) дзт Кавказ Ищхьэрэ хуэхъуэ пщащІэ щыгъуэ Владикавказ Цветмет-металлургическэ институтым икІи абы и студент хъуащ.

Студент илъэсхэр купщІафІэу, хьэлэмэту, щыгъу ирихьэкІащ Аслъэмырзэ. Дапщэщи хуэдэу, ар гупым я пашэт, я гупсэт. Псы хуэлІа къэкІыгъэм псыІагъэр зэрызыщІифым хуэдэу, Аслъэмырзи и ныбжьэгъухэри щІэныгъэм хуэпабгъэт, зыхуеджэ инженер Іэщ-агъэм и щэху псори къызэІуахьыным хущІэкъуу. Владикавказ щыщыІа илъэсхэращ Аслъэмырзэ иужькІэ щхьэгъуэсэ хуэхъуэ пщащІэ щыщІэ ригъэщыхьуауэ щытар. Мэздзэгу адыгэхэм якъэкІа Жылокъуэ Зинадиэ абы щыгъуэ щеджэрт кьалэм дэт мединститутым. Аслъэмырзэрэ Зинэрэ ныбжьэгъу зэхуэхъуащ. Студент илъэсхэр и кІэм щынэсым, ныбжьыщІэхэр зэщхьэгъусэ хъуащ, езыхэми я ныбжьэгъухэми гукъинэж яхуэхъуа хьэгъуэлІыгъуэ щІыкІуи ящІащ.

Инженер-электромеханик зэрыхъуамкІэ дипломыр зыІэщІэпъ Джэдгъэфыр, и щхьэгъусэ дахэр щыгъуу, щалъхуа щыпІэм кьэкІуэжащ 1953 гъэм. Тырныауэ комбинатым и шахтэхэм ящыщ зым механикыу къащтащ Аслъэмырзэ. ЩІэныгъэ куу зыбгъэдэту зыкъэзыгъэлъэгъуа Іэщ-агъэлІ щІалэм куэд дэмыкІыу нэгъуэщІ кьулыкъухэри кьыхуагъалъэгъуащ. Япэщ-ыкІэ ар ягъэуващ «Молибден» шахтэм и механик нэхъыщхьэу, иужькІэ дзыхь кьыхуащІ дэтхэнэ Іэнатіэри. Адрейхэм щапхъэ яхуэхъуу, абы зэфІэкІыну бгъэдэлъыр ирихьэлІэрт бийм зэкиьутэ хозяйствэр зэман кІэщІым кьриубыдэу зэфІэгъэувэжыным. Ар щІысхьрабгъу имыІэу япэщІэувэрт колхоз мылъкум «Іэ фІейкІэ» хэлэбэ дэтхэнэми. Пэжыгъэ, жэуапІыныгъэ ин зыхэлъу гу зылъата щІалэ жаныр 1944 гъэм хагъэхьащ Тырныауэ дэт вольфрам-молибден комбинатыр зэзэгъэпэщыжыну ягъакІуэ лэжьакІуэ гупым. Абы зэрыжиІэжьмкІэ, лъэхъэнэ хьэлъэт, пхъашэт ар. ЛэжьакІуэхэр шхынкІи псэупІэкІи тэмэму кьызэгъэпэщатэкъыми, мыбдежми утыку ихьащ Джэдгъэфыр. Куэд дэмыкІыу лэжьакІуэхэм я Іуэхур нэхъ ефІэкІуауэ щытащ. Апхуэдэу Іуэхур дигъэкІыу, лэжьыгъэр нэхъыфІу кьызэгъэпэща хъунымкІэ лъэкІ кьимыгъанэу и Іэнатіэм пэрытащ щІалэщІэр. Комбинатыр зэгъэпэщыжьным епха Іуэхугъуэ нэхъыщхьэм ящыщ куэд дзыхь зыхуащІ щІалэхэм ящыщ Аслъэмырзэ мурад ищІащ, зэрылажьэм хуэдэуэрэ, курыт щІэныгъэ зэриІэм щыхьэт техьуэ тхьилъ зэрегъэпэщыжыну икІи пщыхьэщхьэрыеджэ школым щІэтІысхьэри, ар 1948 гъэм фІы дыдэу кьиуахьжащ. Зэригучъам хуэдэу, Джэдгъэфым и тхьилъхэр игъэхьащ Дзауджикау кьалэм (арат абы щыгъуэ Владикавказ зэреджэр) дзт Кавказ Ищхьэрэ хуэхъуэ пщащІэ щыщІэ Владикавказ Цветмет-металлургическэ институтым икІи абы и студент хъуащ.

Студент илъэсхэр купщІафІэу, хьэлэмэту, щыгъу ирихьэкІащ Аслъэмырзэ. Дапщэщи хуэдэу, ар гупым я пашэт, я гупсэт. Псы хуэлІа къэкІыгъэм псыІагъэр зэрызыщІифым хуэдэу, Аслъэмырзи и ныбжьэгъухэри щІэныгъэм хуэпабгъэт, зыхуеджэ инженер Іэщ-агъэм и щэху псори къызэІуахьыным хущІэкъуу. Владикавказ щыщыІа илъэсхэращ Аслъэмырзэ иужькІэ щхьэгъусэ хуэхъуэ пщащІэ щыщІэ ригъэщыхьуауэ щытар. Мэздзэгу адыгэхэм якъэкІа Жылокъуэ Зинадиэ абы щыгъуэ щеджэрт кьалэм дэт мединститутым. Аслъэмырзэрэ Зинэрэ ныбжьэгъу зэхуэхъуащ. Студент илъэсхэр и кІэм щынэсым, ныбжьыщІэхэр зэщхьэгъусэ хъуащ, езыхэми я ныбжьэгъухэми гукъинэж яхуэхъуа хьэгъуэлІыгъуэ щІыкІуи ящІащ.

Инженер-электромеханик зэрыхъуамкІэ дипломыр зыІэщІэпъ Джэдгъэфыр, и щхьэгъусэ дахэр щыгъуу, щалъхуа щыпІэм кьэкІуэжащ 1953 гъэм. Тырныауэ комбинатым и шахтэхэм ящыщ зым механикыу къащтащ Аслъэмырзэ. ЩІэныгъэ куу зыбгъэдэту зыкъэзыгъэлъэгъуа ІэщІагъэлІ щІалэм куэд дэмыкІыу нэгъуэщІ кьулыкъухэри кьыхуагъалъэгъуащ. Япэщ-ыкІэ ар ягъэуващ «Молибден» шахтэм и механик нэхъыщхьэу, иужькІэ дзыхь кьыхуащІ дэтхэнэ Іэнатіэри. Адрейхэм щапхъэ яхуэхъуу, абы зэфІэкІыну бгъэдэлъыр ирихьэлІэрт бийм зэкиьутэ хозяйствэр зэман кІэщІым кьриубыдэу зэфІэгъэувэжыным. Ар щІысхьрабгъу имыІэу япэщІэувэрт колхоз мылъкум «Іэ фІейкІэ» хэлэбэ дэтхэнэми. Пэжыгъэ, жэуапІыныгъэ ин зыхэлъу гу зылъата щІалэ жаныр 1944 гъэм хагъэхьащ Тырныауэ дэт вольфрам-молибден комбинатыр зэзэгъэпэщыжыну ягъакІуэ лэжьакІуэ гупым. Абы зэрыжиІэжьмкІэ, лъэхъэнэ хьэлъэт, пхъашэт ар. ЛэжьакІуэхэр шхынкІи псэупІэкІи тэмэму кьызэгъэпэщатэкъыми, мыбдежми утыку ихьащ Джэдгъэфыр. Куэд дэмыкІыу лэжьакІуэхэм я Іуэхур нэхъ ефІэкІуауэ щытащ. Апхуэдэу Іуэхур дигъэкІыу, лэжьыгъэр нэхъыфІу кьызэгъэпэща хъунымкІэ лъэкІ кьимыгъанэу и Іэнатіэм пэрытащ щІалэщІэр. Комбинатыр зэгъэпэщыжьным епха Іуэхугъуэ нэхъыщхьэм ящыщ куэд дзыхь зыхуащІ щІалэхэм ящыщ Аслъэмырзэ мурад ищІащ, зэрылажьэм хуэдэуэрэ, курыт щІэныгъэ зэриІэм щыхьэт техьуэ тхьилъ зэрегъэпэщыжыну икІи пщыхьэщхьэрыеджэ школым щІэтІысхьэри, ар 1948 гъэм фІы дыдэу кьиуахьжащ. Зэригучъам хуэдэу, Джэдгъэфым и тхьилъхэр игъэхьащ Дзауджикау кьалэм (арат абы щыгъуэ Владикавказ зэреджэр) дзт Кавказ Ищхьэрэ хуэхъуэ пщащІэ щыщІэ Владикавказ Цветмет-металлургическэ институтым икІи абы и студент хъуащ.

Студент илъэсхэр купщІафІэу, хьэлэмэту, щыгъу ирихьэкІащ Аслъэмырзэ. Дапщэщи хуэдэу, ар гупым я пашэт, я гупсэт. Псы хуэлІа къэкІыгъэм псыІагъэр зэрызыщІифым хуэдэу, Аслъэмырзи и ныбжьэгъухэри щІэныгъэм хуэпабгъэт, зыхуеджэ инженер Іэщ-агъэм и щэху псори къызэІуахьыным хущІэкъуу. Владикавказ щыщыІа илъэсхэращ Аслъэмырзэ иужькІэ щхьэгъусэ хуэхъуэ пщащІэ щыщІэ ригъэщыхьуауэ щытар. Мэздзэгу адыгэхэм якъэкІа Жылокъуэ Зинадиэ абы щыгъуэ щеджэрт кьалэм дэт мединститутым. Аслъэмырзэрэ Зинэрэ ныбжьэгъу зэхуэхъуащ. Студент илъэсхэр и кІэм щынэсым, ныбжьыщІэхэр зэщхьэгъусэ хъуащ, езыхэми я ныбжьэгъухэми гукъинэж яхуэхъуа хьэгъуэлІыгъуэ щІыкІуи ящІащ.

Инженер-электромеханик зэрыхъуамкІэ дипломыр зыІэщІэпъ Джэдгъэфыр, и щхьэгъусэ дахэр щыгъуу, щалъхуа щыпІэм кьэкІуэжащ 1953 гъэм. Тырныауэ комбинатым и шахтэхэм ящыщ зым механикыу къащтащ Аслъэмырзэ. ЩІэныгъэ куу зыбгъэдэту зыкъэзыгъэлъэгъуа ІэщІагъэлІ щІалэм куэд дэмыкІыу нэгъуэщІ кьулыкъухэри

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 21, *махуэку*

♦Илъэсым яриубыдэу махуэр щыкъэхъ кІэщІщ, жэщыр щыкъэхъ кІыхьщ

♦1891 гъэм США-м и Спрингфилд кьалэм дунейм щыяпэу баскетболымкІэ зэхьэзэхуэ щекІуэкІащ. А джэгуакІэ Лъэныкъуэр кьигупсат физкультурэмкІэ егъэджакІуэ Нейсмит Джеймс.

♦1899 гъэм Санкт-Петербург кьыщыдэкІащ «Огонёк» журналым и япэ номерыр.

♦1913 гъэм «New York World» америкэ газетым дунейм щыяпэу россворд хъыгъуащ.

♦1944 гъэм ВКП(б)-м и обкомым унафэ кьыщтащ Дзэлыкъэ, Куба, Налшык, Шэджэм, Прималкэ, Урожайнэ, Лэскэн районхэм газет кьыщыдэгъэкІыным теухуауэ.

♦1991 гъэм Къэзахстаным и кьалащхьэ Алма-Ата Азербайджаным, Армением, Белоруссием, Къэзахстаным, Къыргызыстан, Молдовэм, Урысейм, Таджикистаным, Туркменистаным, Узбекистаным, Украинэм я Іэтащхьэхэм Іэ щытрадзащ Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэгуфхэныгъэм и хабзэхэр щыубзыхуа Декларацэм.

♦1994 гъэм Урысей телевиденэм и академием илъэс кьэс ят «ТЭФИ» зэгъэпэщащ.

♦Парт, къэрал лэжьакІуэ, генералиссимус, Совет Союзым и Лыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, 1924 - 1953 гъэмэ СССР-м и унафэщІу щыта **Сталин (Джугашвили) Иосиф** кьызэралъхурэ илъэси 138-рэ ирокъу.

♦Дзэзешэ цІэрыІуэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым тІэунейрэ и Лыхъужь **Рокоссовский Константин** кьызэралъхурэ илъэси 121-рэ ирокъу.

♦Совет драматург, журналист, дзэ корреспондент, Сталиным и саугъэтыр зэратащ **Вишневский Всеволод** кьызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦Тхакіуэ, щІэныгъэлІ **Елмэс Іэулдин** кьызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ кИноми я кьэтрисэ щІэныгъэ, РСФСР-м и цІыхубз артисткэ **Аросевз Ольгэ** кьызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщым и кьуэдзэ, «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Совет Нэхъыщхьэм и секретарь **Неверов Сергей** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

♦Къэрал кьулыкъущІэ, УФ-м финансхэмкІэ и министрым и кьуэдзэу лэжьа, щІэныгъэ зэгуфхэныгъэхэм я федеральнэ агентствэм и унафэщІ **Котюков Михаил** и ныбжьыр илъэс 41-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаэ щыщыщытынущ, уэзых кьыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 3, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 22, *мэрем*

♦Энергетикым и махуэщ

♦Урысей Федерацэм и Пенсэ фондыр (1990 гъэм) кьыщызэрагъэпэща махуэщ

♦Украинэм и дипломатие кьулыкъум и лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦1790 гъэм Суворов Александр зи пашэ урысыдзэм Измаил тырку быдапІэр кьиштащ. Уэсман пащтыхьыгъуэмрэ Урысеймрэ Яссы кьалэм (а зэманым Молдавием щыщу щытащ, иджы Румыниием хохьэ) 1791 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м щызэрагъэщІапІэу щыта щыта зэрыуІэнагъэм ипкъ иткІэ быдапІэр Тыркум иратыжауэ щытащ.

♦1857 гъэм Урысей империем и Пощт департаментым унафэ кьиштащ япэ пощт маркэхэр къэралым кьыщагъэсэбэпыным теухуауэ. Ямэ урысейпсо пощт маркэм щаиІ и уасэт, и тиражыр мелуанищ хъурт.

♦1920 гъэм Советхэм я VIII съездым кьыщащтащ Урысейр электрификацэ щыным теухуа къэрал планыр (ГОЭЛРО).

♦1938 гъэм Африкэм и ипщэ щІыпІэм кьыщыбыдауэ щытащ дунейм щынэхъ жьы дыдэу кьалъытэ латимериер, метррэ ныкъуэрэ зи кІыхьагъ бдзэжьей дыжьыныфэ-щхъуаофэр.

♦1965 гъэм Сингапурыр республикэ хъуащ.

♦2001 гъэм Налшык кьыщызэІуахащ Красной кИноконцерт гъэлъэгъуанІэ.

♦2005 гъэм Москва щызэхэтащ Урысейм и Юристхэм я зэгуфхэныгъэр щызэрагъэпэща махуэ.

♦Италием щыщ, дуней псом щыщІэрыІуэ композитор **Пуччини Джакомо** кьызэралъхурэ илъэси 159-рэ ирокъу.

♦Совет тхакІуэ, сценарист, сабийхэм папщІэ тхьилъ куэд кьыдэзыІэкІа **Успенский Эдуард** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦ГУ дохутыр цІэрыІуэ, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, РАН-ми РАМН-ми я академик, УФ-м щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Бокерие Лео** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаэ, кьеыс-кьесу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 3, жэщым щІыІэр 1 градус щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

ЛІы пхам дЕж еуэркъым.

● КъБР-м и прокуратурэм

Къэпщытэныгъэхэр ирагъэкІуэкІ

КъБР-м и прокуратурэм уголовнэ тезыркэр щрагъэпшынкІэ хабзэм зэрытетым кІэлъыплъынымкІэ и кьудамэм и лэжьакІуэхэм, КъБР-м и жылагъуэ кІэлъыплъакІуэ комиссэм и унафэщІ Бэрсэдж Анатолий я гъусэу, къапщытащ Урысейм и ФСИН-м и Іуэхущ Іапі эу КъБР-м щылажьэм и колоние №3-р.

КъэпщытакІуэхэр арэзы техьащ тутнакъэр махуэм щэ тэмэму зэрагъашхэм, псоми гъэпсыпІэ, тепІэнщІэлъын зэраІэм. Ауэ ягъэтІыса цІыху 19-р гъэм и зэманкэм тещІыхьауэ щыгъынкІэ кьызэмыгъэпэщауэ кьыщІэкІащ. Ар УФ-м и уголовнэ-гъэзэщІакІуэ кодексым и 99-рэ статьям и Іыхьэ 2-м кьыщыгъэльэгъуащ зэрегъэкІыркъым.

КъБР-м и прокуратурэм Урысейм и УФСИН-м тезырхэр щапшын и федеральнэ кІэзонэ Іэхуэщ Іапі эр кьыхуагъэльэгъуащ. Япэщ ыкІэ ар ягъэуващ «Молибден» шахтэм и механик нэхъыщхьэу, иужькІэ дзыхь кьыхуащІ дэтхэнэ Іэнатіэри. Адрейхэм щапхъэ яхуэхъуу, абы зэфІэкІыну бгъэдэлъыр ирихьэлІэрт бийм зэкиьутэ хозяйствэр зэман кІэщІым кьриубыдэу зэфІэгъэувэжыным. Ар щІысхьрабгъу имыІэу япэщІэувэрт колхоз мылъкум «Іэ фІейкІэ» хэлэбэ дэтхэнэми. Пэжыгъэ, жэуапІыныгъэ ин зыхэлъу гу зылъата щІалэ жаныр 1944 гъэм хагъэхьащ Тырныауэ дэт вольфрам-молибден комбинатыр зэзэгъэпэщыжыну ягъакІуэ лэжьакІуэ гупым. Абы зэрыжиІэжьмкІэ, лъэхъэнэ хьэлъэт, пхъашэт ар. ЛэжьакІуэ

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Ректорхэм я улахуэр къапщытэ

● Хэхъуэ

УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм зэпилъытэн щИдзащ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт еджапІэхэм къапэкІуэ сэбэпынагъымрэ абы-хэм я унафэщІхэм я улахуэмрэ.

МИНИСТЕРСТВЭМ къыщапщытэнущ ректорхэм я хэхъуэхэр икІи ирагъэпщынщ абыхэм я нэІэ щІэт еджапІэхэм я екъулІэныгъэхэм ар зэрепхар. Абы екъэлІа Іуэхугъуэхэр ильэс къакІуэ щІадзэнущ. ІэнатІэм щыщыІэ Жылагъуэ советым къыщыхагъэщащ егъэджакІуэхэм я улахуэм нэхърэ ректорхэм яйр хуэдипщІкІэ щынэхъ лъагэ щытыкІэхэр къызэпыудын хуейуэ.

Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министерствэм «Известия»-м хъыбар къызэрыригъэщІамкІэ, ІэнатІэм стратегиемкІэ, къэпщытэныгъэ хуэгъэфэщэныкІэ и департаментым ирегъэкІуэкІ щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущ1апІэхэм я зэфІэкІэмрэ абыхэм я унафэщІхэм я улахуэм и инагъымрэ щызэпалъытэ лъжьыгъэхэр. Къэпщытэныгъэхэм кърикІуэхэр наІуэ щыхьунур 2018 гъэм и пэщІдзэзэрц.

«Унафэм къыщыгъэльэгъуащ еджапІэхэм я унафэщІхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ зэрызэкІэлъыхьын хуейр. Ауэ щІэх-щІэхьурэ унафэщІхэм улахуэшхуэІуэ зэхуагъэувыж. Ар зэІуахуэ, нэрылъагъуэ щытыпхъащ», - жиІащ УФ-м щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ зегъэужьынымкІэ и Жылагъуэ палатэм жэуап зыхь и секретарь Съедин Юрий.

Къэрал бюджет ІэнатІэхэм улахуэр щыгъэувыным теухуауэ щыІэ унафэм ипкъ иткІэ унафэщІымрэ адрей лэжьакІуэхэмрэ я улахуэр хуиди 8-кІэ нэхърэ мынэхьыбэу зэщхьэщыкІын хуейуэ аращ.

Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министерствэм и Жылагъуэ советым хэт, ЕгъэджэныгъэмкІэ урысейпсо академием и академик Ямбург Евгений зэрыжиІамкІэ, ику иту ректорым кІыхь улахуэр хуэдипщІкІэ нэхъыбэу щытыфынущ профессорым ейм нэхърэ.

«Иджыпсту министерствэм къпщытэныгъэхэр ирегъэкІуэкІ. Абыхэм кІыхьзрагъэльагъуэмкІэ, профессорым и улахуэу щытыфынущ сом мин 32-рэ - ар Мэзкуу дэт курыт еджапІэм и егъэджакІуэм ейм нэхърэ нэхъ мащІэщ. Ректорым и улахуэр сом мин 300-400-ми щІигъуфынущ», - жиІащ щІэныгъэлІым.

Мэзкуу дэт Педагогикэ университетым и ректор Реморенкэ Игорь кІыхьигъэщащ дэтхэнэ еджапІэми езым и улахуэ гъэувыкІэ зэрыщыІэр. Окладым кІищынэмыщІауэ, лэжьакІуэхэм кІаІэрыхьэфынущ я щІэныгъэ лэжьыгъэхэр зэхуэзгъэсэбэпым, зэхьэзэхуэхэм зэрыхэтым папщІэ щхьапІэ зэрыныгъэхэр.

«Ректорымрэ егъэджакІуэхэмрэ я улахуэм зэщхьэщыкІыныгъэ зэрыпхуэнущ. Абыхэм ящыщ нэхъ кІулей дыдэр Литвиненко Владимирщ (Санкт-Петербург дэт Бгы университетым и унафэщІыр) - 2016 гъэм абы улахуэу кІихьащ сом мелуани 195,7-рэ. Етуанэ увыпІэр иныгущ РАНХиГС-м и ректор Мау Владимир (сом мелуан 64,5-рэ), УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм ькъэрал щыІэ сатумкІэ и академием и Іэтащхьэ Синельников-Мурылёв Сергей ещанэщ (сом мелуан 48,6-рэ). Ауэ улахуэм къищынэмыщІауэ, ректорхэм нэгъуэщІ хэхъуэхэри яІэщ, псалъэм папщІэ тхылъ къыдагъэкІкІэрэ е лекцэ къеджэкІэрэ.

Илъэс къэс министерствэм къепщытэ щІэныгъэ нэрылъагъуэ щылажьэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм я екъулІэныгъэхэр. Апхуэдэу къалъытэ яІэ курсым къыщІэтІысхьахэм ЕГЭ-м къыщахьа балл бжыгъэкІэ, еджапІэр къэзыухахэм лэжьапІэ зэрагъэтыр, еджапІэм щекІуэкІ щІэныгъэ-къэхутакІуэ лэжьыгъэхэр, егъэджакІуэхэм я улахуэмрэ щІыналъэм и экономикэмрэ зэрызэщхьэщыкІыр, нэгъуэщІхэри.

Росстатым къызэригъэльэгъуамкІэ, 2017 гъэм и 1 кварталым Урысейм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я егъэджакІуэхэм я улахуэр ику иту сом мин 49,9-рэ мэхъу. Псом нэхърэ нэхъыбэ къыщалэжь Ямало-Ненец къэ автоном округым (сом мини 118,5-рэ), нэхъ мащІэ дыдэр - Дагъыстэнырц (сом мин 25-рэ).

Президентым и накъыгъэ указхэм я ятепщыкІыхьмэ, 2018 гъэм егъэджакІуэхэмрэ щІэныгъэ лэжьакІуэхэмрэ я улахуэр ику иту щІыналъэм къыщекІуэкІым нэхърэ процент 200-кІэ нэхъыбэу щытын хуейщ.

ХЕТАГУРОВЭ Элинэ.
«Известия»

● Пресс-конференцхэр

МЕДВЕДЕВ Дмитрий:

Ди пщэрылъхэр дгъэзэщІащ

ЩэкІуэгъуэм и 30-м зэхэтащ гъэ къэс къызэрагъэпэщ ильэс блэкІам кърикІуахэм щыхэплъэж «Медведев Дмитрий драгъакІуэкІ псалъэмакъ» зэрыщІэр. Урысей Федерацconsidерацыем и Премьер-министрым упщІэхэмкІэ абы зыхуагъэзащ къэралым и пресс-Іуэхущ1апІэ нэхъ инхэм я журналистхэм. Медведевыр абы къытеувыІащ Урысейм и иджырей щытыкІэм ехьэлІа нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэхэм: экономикэм, социальнэ унэтІыныгъэхэм, Урысейм и олимп командэм, пенсэ Іуэхум, нэгъуэщІхэми.

ЗЭПСЭЛЪЭныГЪЭР экономикэм къыщыщІадзащ. Хабзэ зэрыхъуауэ, япэ упщІэр зытеухуауэ щытар ильэсым кърикІуахэрщ. Медведевым къыхигъащащ ди экономикэм зыкъиужьыжьын зэрыщІидзар, ильэс кІуам епльытмэ. 2017 гъэм Урысейм и ВВП-м хэхъуэу процент 2 игъуэтащ, ар дунейм ику ит бжыгъэхэм хуэдизщ.

Нэхъыщхьэу зи гугъу ящІахэм ящыщу инфляцэр цыкІыу къызэрыщІэкІар. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, ар процентэ 3-м нэхърэ нэхъ мащІэу щытынущ, «Совет Союз лъэхъэнэм и ужькІэ апхуэдэу мащІэу ар зэи щытакъым». Медведевым зэрыжиІамкІэ, абы мыхьэнэшхуэ иІэщ экономикэмкІи къызэрыгуэкІ цыхухэм я дежкІи. Къэбгъэльагъуэмэ, кредит нэхъ пудхэр банкхэм ятырфыну Іэмал яІэщ. КъыкІэлъыкІуэу гу зылъытапхъэхэм ящыщу Правительствэм и Унафэщым къихьащ цыхухэм я хэхъуэр нэхъ ин зэрыхъуар - процентэ 3 хуэдизкІэ. Ар инфляцэр къэлъытауэ, зэрыщыт дыдэм хуэдэу къэбгъэльагъуэмэ, хэхъуэр процентэ 7-м ноблагъэ.

«Текъуэзэныгъэхэм, куэдым зэрыхуамыгъэфэщам емылъытауэ, пщэрылъ зыщытщІыжа социальнэ къалэнхэр къаза щымыІэу дгъэзэщІащ», - жиІащ Медведевым. Абы къыхигъэщащ бюджетыр зэпІэзэрыт зэрыхъуар, хэхъуэ зыгъуэта валютэ гъэтІылъыгъэхэр.

Нэхъыщхьэу Премьер-министрым къыхигъэщащ сомым хуэфэщэн ювыпІэр зэриубыдар - ар иджы щІыдагъэм зэремыльытар. Журналистхэр щІэупщІащ мылькур лъэпкъ валютэм щыщІпхъэмэ хъуныи теухуауэ. Премьерым зэрыжиІамкІэ, ар зэлъытар цыхуэр щынагъуэ зыпылъ Іэхугъуэхэм зэрыхуэхьэзырырщ. «Мыхьэнэ зиІэщ цыхур махуэ къэс зэрыщащхуэмри. Улахуэр сомкІэ къыщицыкІэ, зэрыщащхуэри арац, жэуапыр наІуэщ, - дыщІигъэжащ Премьерым. «ЗэрыжыфІэмкІэ, Илъэсыщ1эм ипэ къихуэу сомым и пщІэр ехуэхьнукъым?» - щІэупщІащ журналистхэр. Апхуэдэ уи нэгу къыщІэбгъэхьэ зэрымыхъунур къыхигъэщащ Медведевым.

Экономикэм и зыужьныгъэр къэувыІэным теухуауэ Премьерым упщІэ къратащ. Медведевыр абы арэзы техІыукъым: «Иджыпсту Урысейм и хэхъуэхэм я процент 60-р къызыпэкІуэр щІыдагъэмрэ газымрэкъым, атІэ нэгъуэщІ унэтІныныгъэхэрщ. Ауэ нэхъыфІт абы и бжыгъэр процент 80-85-м нэблэгъамэ, - дыщІигъужащ министрхэм я кабинетым и Іэтащхьэм. - Аращ зыхуэунэтІар екІуэкІ зэхъуэкІныныгъэхэр, къэралыр зы унэтІныныгъэхэм къыхэкІыурэ адрейхэм щІыхьхьэр».

ЗэхъуэкІныныгъэхэм теуху псалъэмакъым къыпащІуэ журналистхэр щІэупщІащ экономикэм и унэтІныныгъэ щхьэхуэхэм - станок ухуэныгъэхэм, микроэлектроникэм, нэгъуэщІ «унэтІныныгъэ гугъуэхэм» - процентэ 3 хуэдизкІэ. Ар инфляцэр къэлъытауэ, зэрыщыт дыдэм хуэдэу къэбгъэльагъуэмэ, хэхъуэр процентэ 7-м ноблагъэ.

«Текъуэзэныгъэхэм, куэдым зэрыхуамыгъэфэщам емылъытауэ, пщэрылъ зыщытщІыжа социальнэ къалэнхэр къаза щымыІэу дгъэзэщІащ», - жиІащ Медведевым. Абы къыхигъэщащ бюджетыр зэпІэзэрыт зэрыхъуар, хэхъуэ зыгъуэта валютэ гъэтІылъыгъэхэр.

Нэхъыщхьэу Премьер-министрым къыхигъэщащ сомым хуэфэщэн ювыпІэр зэриубыдар - ар иджы щІыдагъэм зэремыльытар. Журналистхэр щІэупщІащ мылькур лъэпкъ валютэм щыщІпхъэмэ хъуныи теухуауэ. Премьерым зэрыжиІамкІэ, ар зэлъытар цыхуэр щынагъуэ зыпылъ Іэхугъуэхэм зэрыхуэхьэзырырщ. «Мыхьэнэ зиІэщ цыхур махуэ къэс зэрыщащхуэми. Улахуэр сомкІэ къыщицыкІэ, зэрыщащхуэри арац, жэуапыр наІуэщ, - дыщІигъужащ Премьерым. «ЗэрыжыфІэмкІэ, Илъэсыщ1эм ипэ къихуэу сомым и пщІэр ехуэхьнукъым?» - щІэупщІащ журналистхэр. Апхуэдэ уи нэгу къыщІэбгъэхьэ зэрымыхъунур къыхигъэщащ Медведевым.

Экономикэм и зыужьныгъэр къэувыІэным теухуауэ Премьерым упщІэ къратащ. Медведевыр абы арэзы техІыукъым: «Иджыпсту Урысейм и хэхъуэхэм я процент 60-р къызыпэкІуэр щІыдагъэмрэ газымрэкъым, атІэ нэгъуэщІ унэтІныныгъэхэрщ. Ауэ нэхъыфІт абы и бжыгъэр процент 80-85-м нэблэгъамэ, - дыщІигъужащ министрхэм я кабинетым и Іэтащхьэм. - Аращ зыхуэунэтІар екІуэкІ зэхъуэкІныныгъэхэр, къэралыр зы унэтІныныгъэхэм къыхэкІыурэ адрейхэм щІыхьхьэр».

«КъызэрызгурыІамкІэ, мы жэрдэм псори зыхуэунэтІар мылъку и лъэныкъуэкІэ гугъуехь зиІэ щІыуэжьыгъуэхэм щІэгъэкъуэн яхуэхъун папщІэщ», - къызэщІикъуэжащ Медведевым.

Зейналовэ Ирадэ пенсэхэм теухуауэ щІэупщІащ. «Иужьрей зэманым хъыбар кърахьэкІ Пенсэ фондыр нэщІ хъуауэ, ильэс къакІуэ къыщыщІэдзауэ щІыхуэхэм пенсэ къаІэрымыхьэну», - къыхигъэщащ журналистым. Правительствэм и Іэтащхьэм жиІащ а псалъэмакъэр зэрыльабжьэнэр икІи пенсэ тыным зыри лъэпощхьэпо зэрыхуэмыхьэнур. Уеблэмэ, пенсэ индексацэхэр ильэс къакІуэ нэхъ пасэу - щІышылэм ирагъэкІуэкІыщ. Ахэр инфляцэм нэхърэ нэхъыбэкІэ хэхъуэнущ.

Илъэсым кърикІуахэр къызэщІикъуэжу, Медведев Дмитрий къихигъэщащ урысей экономикэм зэрызиужьыжьыр, сомыр зэрызэпІэзэрытыр, социальнэ унэтІныныгъэхэм ятеухуауэ 2017 гъэм къэралым пщэрылъ зыщищІыжа къалэнхэр къанэ щымыІэу зэрыгъэзэщІар.

АСТАФЬЕВ Александр.
РИА хъыбарыщІэхэр

ЩІыдагъэ къыщІэшыныр къызэтрагъэувыІэ

● Мытыку

ЗэгурыІуэныгъэм къыщыщэным сэбэп хуэхъуфынущ сомым къару игъуэтыжьынымрэ щІыдагъэм и экспортым и уасэм хэхъуэнымрэ.

ЩІЫДАГЪЭ къыщІэзыш къэралхэм я зэгухьэныгъэм (ОПЕК+) хэтхэр мэрем блэкІам зэгурыІуауэ щІыдагъэ къыщІэшынымкІэ гъэмэщІэнымкІэ зэгурыІуэныгъэм адэкІи къыпащэну. Рынокым хэтхэм я псалъэм къызэрахэщамкІэ, зэгурыІуэныгъэм и пІалъэр 2019 пщІондэ ягъэІэпхъуауэ. КъищынэмыщІауэ, иджы къахьхьауэ Ливиемрэ Нигериемрэ, абыхэми кІэотэ хуагъэуващ. Аналитикхэр зэрепльымкІэ, щІыдагъэмрэ валютэмрэ я рынокхэм иужьрей къэхъуэкІащІэм щхьакІэ зэхъуэкІныныгъэшхуэ къыщыхьыгъэнукъым, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, апхуэдэу щытыну уасэр нэхъапэІуэкІэ тращІыхьащи.

ЩэкІуэгъуэм и 30-м Венэ къалэм щызэІуащІащ зэгухьэныгъэм хэт къэрал 13-мрэ, ОПЕК хэмыту, ауэ щІыдагъэ къыщІэзыш къэрал 11-мрэ. Абы къыщаІэта псалъэмакъ нэхъыщхьэу щытащ щІыдагъэ къыщІэшынымрэ гъэмэщІэнымрэ теухуауэ 2016 гъэм зэрызэгурыІуауэ щытам и пІалъэм адэкІи къыпащІынкІэ. Абы и фыгъэкІэ уасэр зэтрагІыгъэри, 1 баррелым хуэзэу доллар 63-м нэсу къаІэтыжауэ щытащ.

ЗэІуащІэр зэрыщІидзэрэ сыхьэтит1 нэхъ дэмыкІауэ, Сауд Хьэрэпым Энергетикэмкі и министр Хьэлид аль-Фалихь яІэ хъыбарэр кьитащ. Абы жиІащ зэгурыІуэныгъэм и пІалъэм зэрыщІэкІыжьынущ, ауэ щІэх-щІэхьурэ унафэщІхэм улахуэшхуэІуэ зэхуагъэувыж. Ар зэІуахуэ, нэрылъагъуэ щытыпхъащ», - жиІащ УФ-м щІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ зегъэужьынымкІэ и Жылагъуэ палатэм жэуап зыхь и секретарь Съедин Юрий.

Къэрал бюджет ІэнатІэхэм улахуэр щыгъэувыным теухуауэ щыІэ унафэм ипкъ иткІэ унафэщІымрэ адрей лэжьакІуэхэмрэ я улахуэр хуиди 8-кІэ нэхърэ мынэхьыбэу зэщхьэщыкІын хуейуэ аращ.

Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министерствэм и Жылагъуэ советым хэт, ЕгъэджэныгъэмкІэ урысейпсо академием и академик Ямбург Евгений зэрыжиІамкІэ, ику иту ректорым кІыхь улахуэр хуэдипщІкІэ нэхъыбэу щытыфынущ профессорым ейм нэхърэ.

«Иджыпсту министерствэм къпщытэныгъэхэр ирегъэкІуэкІ. Абыхэм кІыхьзрагъэльагъуэмкІэ, профессорым и улахуэу щытыфынущ сом мин 32-рэ - ар Мэзкуу дэт курыт еджапІэм и егъэджакІуэм ейм нэхърэ нэхъ мащІэщ. Ректорым и улахуэр сом мин 300-400-ми щІигъуфынущ», - жиІащ щІэныгъэлІым.

Мэзкуу дэт Педагогикэ университетым и ректор Реморенкэ Игорь кІыхьигъэщащ дэтхэнэ еджапІэми езым и улахуэ гъэувыкІэ зэрыщыІэр. Окладым кІищынэмыщІауэ, лэжьакІуэхэм къаІэрыхьэфынущ я щІэныгъэ лэжьыгъэхэр зэхуэзгъэсэбэпым, зэхьэзэхуэхэм зэрыхэтым папщІэ щхьапІэ зэрныгъэхэри.

«Ректорымрэ егъэджакІуэхэмрэ я улахуэм зэщхьэщыкІыныгъэ зэрыпхуэнущ. Абыхэм ящыщ нэхъ кІулей дыдэр Литвиненко Владимирщ (Санкт-Петербург дэт Бгы университетым и унафэщІыр) - 2016 гъэм абы улахуэу кІихьащ сом мелуани 195,7-рэ. Етуанэ увыпІэр иныгущ РАНХиГС-м и ректор Мау Владимир (сом мелуан 64,5-рэ), УФ-м Экономикэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм ькъэрал щыІэ сатумкІэ и академием и Іэтащхьэ Синельников-Мурылёв Сергей ещанэщ (сом мелуан 48,6-рэ). Ауэ улахуэм къищынэмыщІауэ, ректорхэм нэгъуэщІ хэхъуэхэри яІэщ, псалъэм папщІэ тхылъ къыдагъэкІкІэрэ е лекцэ къеджэкІэрэ.

Илъэс къэс министерствэм къепщытэ щІэныгъэ нэрылъагъуэ щылажьэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм я екъулІэныгъэхэр. Апхуэдэу къалъытэ яІэ курсым къыщІэтІысхьахэм ЕГЭ-м къыщахьа балл бжыгъэкІэ, еджапІэр къэзыухахэм лэжьапІэ зэрагъэтыр, еджапІэм щекІуэкІ щІэныгъэ-къэхутакІуэ лэжьыгъэхэр, егъэджакІуэхэм я улахуэмрэ щІыналъэм и экономикэмрэ зэрызэщхьэщыкІыр, нэгъуэщІхэри.

Росстатым къызэригъэльэгъуамкІэ, 2017 гъэм и 1 кварталым Урысейм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм я егъэджакІуэхэм я улахуэр ику иту сом мин 49,9-рэ мэхъу. Псом нэхърэ нэхъыбэ къыщалэжь Ямало-Ненец къэ автоном округым (сом мини 118,5-рэ), нэхъ мащІэ дыдэр - Дагъыстэнырц (сом мин 25-рэ).

Президентым и накъыгъэ указхэм я ятепщыкІыхьмэ, 2018 гъэм егъэджакІуэхэмрэ щІэныгъэ лэжьакІуэхэмрэ я улахуэр ику иту щІыналъэм къыщекІуэкІым нэхърэ процент 200-кІэ нэхъыбэу щытын хуейщ.

ХЕТАГУРОВЭ Элинэ.
«Известия»

● ЗэпыщІэныгъэхэр

Сатум хохъуэ

«ЗэдэлэжьэныгъэмкІэ Шанхай зэгухьэныгъэм хэт къэралхэмрэ Урысеймрэ я сату зэпыщІэныгъэхэм илъэсым хуэзэу доллар мелард 80-м щІигъу ди къэралым хэхъуэу къритынущ», - жиІащ ШОС-м хэт къэралхэм я Іэтащхьэхэм я зэІуащІэу Сочэ щекІуэкІам къыщыпсэлъа УФ-м и Правительствэм и УнафэщІ Медведев Дмитрий. Премьер-министрым къызэрыхигъэщамкІэ, апхуэдэу хуегъэфащэ УФ-м Сатумрэ экономикэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм.

«ТРАНСПОРТ унэтІныгъэмкІэ зэдэлэжьэныгъэм зеужь. Зэман кІэщІым къриубыдэу правительствэхэр зэгурыІуэн хуейщ хьэпшып ёзезышэкІ автомобилхэр лъэпощхьэпо къыхэмыкІыу къэралхэм щызекІуэн папщІэ, - къыхигъэщащ Урысейм и Правительствэм и УнафэщІым. - КъищынэмыщІауэ, энергетикэ унэтІныныгъэми зэдэлэжьэныгъэр щыдогъэфІакІуэ».

Урысейм и Премьер-министрыр зэрепльымкІэ, ШОС-р утыкуфІщ лъэпкъ стратегиехэр, транспорт проектхэр, унэтІныныгъэ зэмылІэужьыгъуэ зиІэ жэрдэмхэр щыбгъэзэщІэну. Медведевым кІыхьриджащ икІэщІыпІэкІэ ШОС-м и зыужьныгъэ банк къызэрагъэпэщыну, ШОС-м и счёт щхьэхуэ къызэІуахыну.

ЗэІуащІэр яІэ дыдэу ирагъэкІуэкІащ къэрали 8 хэту - абы зрагъэхьэлІащ Индиемрэ Пакистанымрэ. А къэралхэр зэгухьэныгъэм щыхьыжар 2017 гъэрщ. КъищынэмыщІауэ, ШОС-м хэтщ Къазахъстанэр, Кыргызыстэр, Китайр, Урысейр, Таджикистанэр, Узбекистанэр. Къэралыплім - Белоруссеи, Иранымрэ, Монголиемрэ, Афганистанымрэ - кІэлъыплъакІуэ щытыкІэр яІэщ, хыр - Армениер, Азэрбайджанэр, Камбоджэр, Непалыр, Тыркур, Шри-Панкар - зэгухьэныгъэм и лэжьэгъущ.

ПАНОВ Павел.
iz.ru

● Пхёнчхан-2018

Урысейм и ныпыр Олимп джэгухэм щаІэтынукъым

Швейцариемрэ и Лозаннэ къалэм иджыблагъэ щызэхэтащ Дунейпсо Олимп Комитетым и гъэзэщІакІуэгупым и зэІущІэ. 2018 гъэм Корее Ищэм и Пхёнчхан къэлэм щекІуэкІыну ЩІымахуэ Олимп джэгухэм Урысей Федерацэм и командэр зэрыхэтыну щыкІэм и унафэ абы къыщащтащ.

ШВЕЙЦАРИЕМ и президенту щыта иджы МОК-м и гъэзэщІакІуэ комитетым и унафэщІ Шмидт Самуэль я пашэу зэхагъэува докладым абы щедзыІуащ. Ар нэхъыбэу теухуауэ щытащ Урысейм допингым пэщІэтынымкІэ и системэм и лэжьэкІэм. Сыхьэт зыбжанэкІэ докладым хэплъа нэужь, МОК-м унафэ ищІащ Олимп комитетым и къудамэу Урысейм щыІэм и лэжьыгъэр зэхъэтригъэувыІэну. КъищынэмыщІауэ, ди къэралым къуэдиуэ къытралъхьащ доллар мелуан 15 - допингым екъэлІа Іуэхугъэ зэхэгъэкІынымкІэ текІуэда мылькур ирипныныжыну. 2018 гъэм Корее Ищэм щекІуэкІыну Олимп джэгухэм хэтыну Іэмал ягъуэтащ Урысейм щыщ спортсменхэм нэхъапэм дагъуэ зыхуамыщІахэр, ауэ ахэр ди къэралым и ныпым щІэтынукъым.

«Сэ езыр атлету сызэрыщытым кІыхьэкІыу, икъуэкІэ си жагъуэ зэхуащІ мы Іэхугъуэхэм кІаракІуахэр языныкъуэ спортсменхэм зэран зэрахуэхъуар. МОК-м и атлетхэм я комиссэм дэщІыгъуу хэкІыпІэ гуэр къэдгъуэтынщ абыхэм я зэфІэкІыр Олимп джэгухэм къыщагъэлъэгъуэну», - жиІащ Дунейпсо Олимп Комитетым и унафэщІ Бах Томас.

КъищынэмыщІауэ, Олимп джэгухэм адэкІэ зэи сыт хуэдэ щІыкІэуи хэтыну хуимыту къыхагъэкІащ УФ-м и вице-премьер, нэхъапэм спортымкІэ министру щыта Мутко Виталий. ПІалъэ мыубзыкуакІэ Дунейпсо Олимп Комитетым хагъэтыныкъым Урысейм и Олимп комитетым и унафэщІ Жуков Александр. Сочэ щекІуэкІа Олимп джэгухэм и къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІу щыта Черныш-шенкэ Дмитрий къыхагъэкІащ 2022 гъэм Пекин щызэхэтыну Олимп джэгухэм и зэщІэзыгъэуэкІуэ советым.

РИА хъыбарыщІэхэр.

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Замирщ.**

УФ-м и щІыналъэ «гукъыдэмыжхэр»

● Узынщагъэ

Сербскэм и цІэр зезыхьэ Психиатриемрэ наркологиемкІэ лъэпкъ медицинэ къэхутакІуэ центрым и Іэщ1агъэлІэхэм къапщытащ Урысейм и дэтхэнэ щІыналъэхэм щыпсэухэр депрессием нэхъ хуэлъэми. А узыфэм нэхъыбэу зыщищбгъуауэ къалъытар Сыбыр федеральнэ щІыналъэрщ.

ЩІЭНЫГЪЭЛІХЭМ зэрыжаІамкІэ, 2016 гъэм къриубыдэу щІыхь мини 100-м ящыщу 96,6-рэ сымаджэу Сыбырым щатхащ. АдэкІэ къыкІэлъэкІуэ Курыт федеральнэ щІыналъэр (щІыхь мини 100-м ящыщу 87,1-рэ). Депрессие узыр зыпкърытхэм ещанэ увыпІэр щаубыдащ Ипщэ федеральнэ щІыналъэм щыпсэухэм - щІыхь мини 100-м ящыщу 73,1-рэ. Нэхъ мащІэ дыдэр Кавказ Ищхъэрэрэщ (щІыхь мини 100-м ящыщу 34,9-рэщ). 2012 - 2016 гъэхэм а бжыгъэхэр Урысейм процентэ 8,5-кІэ нэхъ мащІэу щыщытащ.

«Сыбыр щІыналъэм депрессие зиІэхэр щыкуэдщ, зыщащыкІыж щІэх-щІэхьурэ къоху. Хуэфащэн медицинэ дэІэпыкъуэгъу ямыгъуэтынкІэ мэхъу е ар нэхъыбэу зыхуэзэфІэкІыр къалэм щыпсэухэрщ», - жиІащ Сербскэм и ЩІэн зезыхьэ центрым суицидологиемкІэ къудамэм и унафэщІ Положий Борис. Абы къыхигъэщащ Курыт щІыналъэм депрессие къызэуэлІахэр фІыуэ наІуэ къыщащІу икІи психиатр Іэнатіэхэр хъарзынэу абыхэм ядалажьэу.

ЩІэныгъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, гукъыдэжыр ехуэхынкІэ ельытауэ щытыфынущ дунейм и щытыкІэми. КъищынэмыщІауэ, ціыхум нэхъапэІуэкІэ абы игъэта фэбжьхэри щхьэусыгъуэ хъуфынущ. Абыхэм къызэрыхагъэщамкІэ, депрессием и процент 60-р къызэрыхагъэщащ, депрессием и процент 60-р къызэрыхагъэщащ. Сымаджэхэр официальнэу къыгъэлъэгъуа бжыгъэхэм нэхърэ хуэдиц-пІыкІэ нэхъыбэу щытыфынущ.

«Российская газета»

ТхакIуэмрэ тхылъеджэхэмрэ я зэIущIэ

● Пшыхьхэр

Пащ1э Бэчмырэз и цIэр зезыхьэ Сабий библиотекэм щагъэлъэгъуащ УФ-м и ТхакIуэхэми Журналистхэми я зэгучьыгъэхэм хэт, тхакIуэ, усакIуэ, «Нур» сабий журналым и лэжьакIуэ Хьэту Пётр и Iэдакъэ къыщIэкIа «Зауркъан и дыщэ фальэр» тхылъыр. Ар 2016 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ.

ЗЭХЫХЬЭ гуапэм ирагъэблагъащ КъБКъУ-м и Филологие институтым и студентхэр, Таз ФатIимэ зи унафэщI «Шэху уэздыгъэхэр» литературэ студием екIуалIэ ныбжьыщIэхэр, Налшык къалэм и гимназие №29-м и гъэсэнхэр, тхылъеджэхэр.

Библиотекэм и лэжьакIуэ, Пётр и щхьэгъусэ Хьэту Ларисэ зэIущIэм кърихьэлIахэм кIэщIу яхутепсэлъыхьащ усакIуэм и гъащIэмрэ. Абы къыхигъэщащ Iуэджэм районым хьхьэ Нартан къуажэм къыдэкIа усакIуэм Налшык и Щэнхабзэ-уэзщIыныгъэ училищэр, иужькIэ Краснодар къалэм ЩэнхабзэмкIэ и институтыр кьызэриухар, Кавказ Ищхьэрэм къэрал Iуэху зехьэныжькIэ и академием, Дон Iус Ростов щыIэм, пресс-менеджер, правовед Iэщ1агъэхэм зэрыщыхуеджар. Щ1ыдж1эн1ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёру, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым режиссёрым и къудзэу, клуб лэжьыгъэ Iэнатlэ зыбжанэм я къызэгъэпэщакIуэу, щэнхабзэхэмкIэ унэхэм я унафэщIу Хьэту Пётр щытащ, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспонденту, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и редактору лэжьащ. Щ1эупщIэ зиIэ, сабийхэм яхуэгъэза тхылъ зыбжанэ абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ. АпхуэдизкIэ «Тхьэгъэпэдж», «Жьырытэдж», «Гугъэм и кхъухьхэр», «Пщ1ыхь плъыфэхэр», «Бжьыхьэ удж», «Пщащэпхуу» къыдэкIыгъуэхэр. Журналистикэмрэ литературэмрэ хуищIа хэлъхьэныгъэфIхэр кьалытэри, Хьэту Пётр кьыхуагъэфэщащ «Илъэсым и журналист нэхъыфI» саугъэтыр (1993 гъэ), «Сабий тхылъым и тхьэмахуэ» Iуэхум хьихьэу, «Жьырытэдж» усэ тхылъым папщIэ «Илъэсым и сабий усакIуэ нэхъыфI» саугъэтыр (2002 гъэ). Мы зэманым ар «Нур» журналым и редакторщ. Къищынэмыщ1ауэ, республикэм и тхакIуэхэм, усакIуэхэм я тхыгъэхэр кьыщыдагъэкIкIэ холэжьых.

Гимназие №29-м и 6-нэ классым щеджэ Махуэ Самирэт къызэхуэсахэр хигъэгъуэзащ «Зауркъан и дыщэ фальэр» тхылъым нарт Iуэрыуатэр зи лъабжьэ таурыхъ, хъыбар гъэщIэгъуэнхэр зэрыщызэхуэхьэсам, ныбжьыщIэхэр дзэлъхьыну сурэт щхьуэкIэплъыкIэхэмкIэ кьыдэкIыгъуэр зэрагъэдэхам. Зэхьихьэм хэтхэр абы кьыхуриджащ тхылъым гулъытэ хуащIыну.

Пшыхьым къыщыхагъэщащ адыгэбзэр, зыщьыщ лъэпкъыр, я щIыналъэр ныбжьыщIэхэм фIыуэ егъэлъагъунымкIэ, абыхэм гъэсэныгъэ дахэ етынымкIэ, Iэрыуатэм кьыдэкIуэу, мыхьэнэшхуэ зиIэ сабий, лъэпкъ литературэм Пётр хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIыр. ЩIэблэщIэм яхуэгъэза усэхэр птхыныр, цIыкIуэхэм я къэхьым зебгъэужьныр нэхъ гугъуу кьалытэ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIахэр цIыкIухэм ягу зэрыдихьэрщ Пётр и кьалэмыпэр ныбжьыщIэхэм щIахуигъабзэр. Къищынэмыщ1ауэ, Хьэтум и усэ-кьебжэкIхэр, усэ-кьуажэкьхьэр удэзыхьэщ. Псалъэжьхэр, псалъэ щэрыуэхэр, кьуажэхьхэр, гушыIэхэр, ауанэхр, щIагъыбзэхэр, нэгъуэщIкIынэмыщIхэр кьыщыгъэсэбэпа усэхэри абы и мащIэкъым.

Хьэту Пётр кьызэхуэсахэм яхутепсэлъыхьащ тхылъыр итхыным къежьапэ хуэхъуамрэ ар зэрригъэхьэзырамрэ. Зэ1ущIэм хэтхэм тхакIуэм и творчествэм теухуауэ кьата упщIэхэм абы жэуап яритащ. Хьэтум и усэхэм адыгэбзэкIи урысбзэкIи кьеджащ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ ТыIэщ Маринэ, студентхэр, еджакIуэхэр.

Илъэс зыбжанэкIэ Хьэту Пётр зэлэжьа «Зауркъан и дыщэ фальэр» тхылъыр ныбжьыщIэхэр зыхуэныкъуэщ икIи абы щIэупщIэ зэриIэнум шэч хэлъкъым.

БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.

Фи цIыкIухэм «Нур» журналымкIэ фахуэупсэ

Ныбжьыщ1эхэм папщIэ республикэм адыгэбзэкIэ къыщыдэкI литературэ-художественнэ журналым Iэ тевдзэну фепIэщIэкI.

АДЭ-АНЭ лъапIэхэ, адэшхуэ-анэшхуэ гумащIэхэ, фи щIэблэм адыгэбзэ евгъэщIэну, къызыхэкIа лъэпкъыр фIыуэ илъагъуэу къэвгъэтэджыну фыхуеймэ, журналыр дэIепыкъуэгъуфI къыфхуэхъунущ. Абы щыгъуэтынущ гупсысэм зезыгъэужь, акъылыр жан зыщI тхыгъэхэр, есэпхэр, къуажэкьхэр, Iэпэ1эсэгъэм ухуеэзыгъасэ чэнджэщхэр. «Нур» фи Iэпэгъуэмэ, фи цIыкIухэр ренэгъуэныкъэм и щэнхабзэ гъащIэм бзэ дахэкIэ, гъэщIэрэщIакIэ девгъэхьэхьфынущ. Махуэц1эхэр, мазэц1эхэр, плъыфэц1эхэр, бжыгъэц1эхэр нэхъ тыншу евгъэщIэнущ. Апхуэдэуи «Нурым» и гъуджэм» щIэх-щIэхьыуэ традзэ, я щIэджыкIакIуэ дыгъэщыгъэхэм я сурэтхэр, я ныбжьэгъу Iэпэ1эсэ цIыкIуэхэри гулъытэнэз ящIыркъым.

ФепIэщIэкI, журналым зыхэмвыгъэкIыж.

Журналыр мазэ къэс къыдокI.
ПощткIэ Iэ тезыдзэхэм папщIэ зы къыдэкIыгъуэм сом 14-щ и уасэр, мазихым сом 84-рэ, илъэсым сом 168-рэ хуэзэу аращ.
Журналым и редакцэр:КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и проспект, №95, «Печатым и унэ».
Редакцэм и телефонхэр:42-17-53; 42-75-30
nur.kbr1982@yandex.ru

Тэрч къалэ дэт Щэнхабзэмкlэ унэм щекlуэкlащ Щlыуэпсым и илъэсым теухуа фестиваль.

● Тэрч щIыналъэ

ЩIыуэпсым къарита дэрэжэгъуэ

«ФIы ФЩIэным фы-хуэпIащIэ», «Къалэ щхъуантIэ», «ЩIыуэпсым и плъыфэхэр», «Джылахьстэней щIыуэпсым и тельыджэу 7», «Ди лъахэм щынэхъыфI щIыпIэ», «Дыкъзэыуъуреихь дунейр объективым кьызэрищIыр», «Гуапагъэ зи лъабжьэ сайт видеоролик» лIэужьыгъуэхэм епхауэ кьызэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэм цIыкIуэхэм утыку кьыщрахьащ езыхэм ягъэхьэзыра хьэпшыпхэр, сурэтхэр, нэгъуэщI Iэдакъэщ1экIэхэр. Фестивалым и кьалэн нэхъыщхьэр ЩIыуэпсым и илъэсым яхуэгъэфIэкIамрэ а Iуэхуэхэм жьджэру хэта сабийхэм я цIэ кьиуэнымрэщ.

Тэрч щIыналъэ къэрал драмэ театрым и актрисэ ТыIэщ Маринэ, студентхэр, еджакIуэхэр.

Цыкlуэхэм я зэфlэкlыр здынэсыр къэзыпщIатхэм яхэтащ районым и библиотекэхэм, курыт еджапIэхэм, щэнхабз Iуэхущ1апIэхэм я лэжьакIуэхэр, МФЦ-м, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и Щ1алэгъуалэ советым и лIыкIуэхэр. Тэрч щIыналъэм и жылагъуэ псори кьрихьэлIэу екIуэкIа Iуэхуэхэм кьыхэжаныкIахэм щIыхь тхылъхэр иратащ.

КIЭМПIАРЭ Галинэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● ДифI догъэлъапIэ

Майе щыстудента зэманым.

И анэмрэ и къуэрылъху-пхъурылъхухэмрэ я гъусэу.

Зи Iэщ1агъэм хуэпэж

УФ-м и Журналистхэм я зэгучьыгъэм хэт, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, зи Iэщ1агъэм хуэIэижь, зи радионэтынхэр куэдым ягу ирихь Мыз Майе дыгъэгъазэм и 15-м илъэс бжыгъэ дахэ ирикъуащ.

БАХЪСЭН районым хьхьэ Зеикъуэ кьуажэм кьищалъхуащ Мыз (Сыжажэ) Майе. Ар кьызызыхкIа унагъуэр кьуажэм пщIэ, нэмыс нэхъ зыщ1ыхуащIхэм ящ1ыщ1. Абы и адэ Сыжажэ Талий къэзымылъытэрэ фIыуэ кьэзымылъагъурэ дэсагъэнкъым а жылэм. Хэку зауэшхуэми лэжьыгъэмэ я ветерану, лэжьакIуэжьу, Зеикъуэ колхозым и пхъэщхьэмыщ1ыхь жыг хадэр Iэщ1элъу икIи хъерышхуэ хозяйствэм къахуихьу лэжьащ икIи хуабжьу цIыху жумарту зеикъуэдэсхэм ягу кьинэжащ. Хуэдэ уигъэлъыхъуэнт, куэд кьимыгъэщIами, и цIэфI дунейм кьытринащ.

1974 гъэм КъБКъУ-р къиуха нэужь, япэщIыкIэ Майе и зэфIэкI щеплъыжащ егъэджакIуэ, библиотекэм и лэжьакIуэ Iэнатlэхэм. 1977 гъэм радиом и диктор хуащ. Абы лъандэрэ илъэс 40 дэкIами, ар диктор, редактор, нэтынхэр езыгъэжьыкI лэжьыгъэхэм нобэр кьыздэсым хуэпэжщ. Мы зэманым «Къэбэрдей-Балъкъэрым и нэтынхэр къ1эзыт и телевизионнэ канал» къэрал кIэзонэ Iуэхущ1апIэм и хъыбарегъашIэ редакцэм и редакторщ икIи нэтынхэр ирегъэкIыжкI.

Мыз Майе и нэтын куп-щIафIэхэмкIэ къащIыхуащ икIи фIыуэ къалъэгъуащ радиом едаIуэ цIыху мин бжыгъэхэм. Абы и ужь къиувахэм яхэтхкым и псалъэ гуапэхэр, и чэнджащ щхьэпэхэр зэхэзымыха. Сытым дежи ар хъэзырыщ и дамэр и лэжьэгъуэхэм ящIигъэкъуэну, чэнджащ щхьэпэхэр яритыну. Лэжьыгъэм теухуауэ ар гумызагъэщ, жэуапIыныгъэ ин зыхэлъщ. И лэжьэгъуэм зэрыжаIэмкIэ, Майе хьэлщэн екIу, гъэсэныгъэ дахэ хэлъщ, цIыху Iэдэбщ. Лэжьыгъэм зэпыIуэзымыдз а цIыху жаным и дуней тетыкIэр я щапхъэгъэльагъуэщ а Iэнатlэм пэрыт щIалэгъуалэм. Лэжьэгъуэри, ныбжьэгъури, Iыхьлыблагъэри ирогушхуэ абы.

- Нэхъ ипэIуэкIэ, хъыбарыщIэхэр эфир занщIэу щекIуэкIыжм, зы мэзкъалкIэ Майе теплъэкъуэкIыртэкъым икIи яп1э итыр кьыщIэкIмэ, езыр студием зэрыщIыхьэнум хуэхьэзыру бжэм и нэр кьытримыхыу пэплъэрт. КъыкIэрыхуу е «си макъыр нобэ хъуркъым» щIыжиIэн щхьэусыгъуэ абы къигъэхъуауэ тщIэжыркъым, - жеIэ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист МахуэлI Хъаджэт. - Радиом лэжьэн щIидзэрэ диктором и макъ шэщIар къыщыIукIэ, къедаIуэхэм я фIэщ хъурт дунейм посри зэрыщытэмэмыр. Мис апхуэдэ арэзыныгъэ кьишэу Майе илъэс куэд лъандэрэ радиом щолажьэ.

Цыху зэпIэзэрыт, зи нэгум сыт щыгъуи гуфIэгъуэр кьрих Мыз Майе адэ-анэр зыхуэарэзы пхъу щыпкъэщ, гуп хьхьэкIи къыхэкIыжыкI зыщIэщ, гушыIэ зыхэлъщ, унагъуэ дахэм я жьауэщ. Абы сыт хуэдэ Iуэху зэIумыбзми хэкIыпIэ къыхуегъуэтыф. Майе нобэ иринасыпыфIэщ и анэр къызэрыщхьэщытым, зы анэ кьилъхуа здзэлъхуэзышыпхуийр зэрыуэзынщэм, и къуэ Заурбэч - быниц, ипхъу Залинэ быниту къазэрыщIэхъуам. И щхьэгъуэсэ Мыз Мухьэмэд «УФ-м щIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтыныжмкIэ и отличник», «КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэхэр кьыхуагъэфэщат, филологие щIэныгъэхэм я кандидатт. ТIури зэхуэфащэ дыдэу зэрихьэлIат. Мухьэмэд пасэу дунейм ехыжами, Майе и быниттми щIэныгъэ нэхъыщхьэ яригъэгъуэтащ. Ахэр фIыуэ ялъагъуу лэжьыгъэм пэрытхэщ, я адэ-анэр я щапхъэуэ мэпсэу.

- Дунейм зы адэ-ани тету къыщIэкIынкъым, и быниттми фIы кьэхъулIэмэ щымыгуфIыкIыу, абы иримыгушхуэу. ЕгъэджакIуэри зыкъомкIэ апхуэдэщ - и гъэсэнхэм зыгуэр кьыщIыкIамэ, зэфIэкI яIэмэ иропагэ, ирои-ин. Мис абы къыхэкIкIэ сэри апхуэдэ гуфIэгъуэ ин дыдэ куэдрэ-куэдрэ сиIэщ. СыщIиIэри, мис, Майе хуэдэ цIыху хьэлэмэтхэр егъэджахэм кьаззрищIыкIарщ. Пэжыр жысIэнщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыпсэухэм фIы дыдэу ялъагъу Майе и макъыр. ЦIыхум и Iэщ1агъэм фIыуэ хищIыкIкIэ, абы хуэпэжмэ, абы нэхъ насыпп щыIэкъым. Апхуэдэ насыпп Майе зыхэлъщ1э. Ар фIыуэ къэзымылъагъурэ къэзымылъагъурэ КъБР-м ису къыщIэкIынкъым, радио едаIуэу щытмэ, - жеIэ филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор ХьэкIуащэ Андрей.

Радиом и лэжьыгъэм Мызыр хуэIэижьщ, а Iэнатlэм кьыхуигъэщIам хуэдэу. И Iэзагъэм, зэрынабдзэгъубдзаплъэм кьыхэкIыу, ар яп1э итхэм ящыщу мэлажьэ. «Уи пщэдджыжь фIыуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр» нэтыным кьыхуэзыу абы зэрыр занщIэкIэ цIыху куэд кьигъэпсэльащ, радиом кьригъэблагъэурэ; щIыхубзэм папщIэ «Мэлычыпхъу» радиожурналыр, хамэ къэрал кIуэуэ щыта нэтынхэр куэдрэ кьызэригъэпэщащ икIи иригъэкIуэкIащ.

Мы зэманым ирегъэкIуэкI радиом дежкIэ нэхъыщхьэ дыдэу щыIэ хьыбарыщIэхэр. А Iуэхур Майе фIы дыдэу кьохъулIэ. Ар зыпэмыльэщын Iэнатlэ радиом иIэкъым. ИрегъэкIуэкI нэтынхэр кьедаIуэхэм ягу зэрыдыхьэм и щыхьэтщ абыхэм Майе псалъэ гуапэ куэд кьызэрыхуатхар, усэ нэгъуэщI зэрыхуаусар.

- Дызэрыстудентрэ Майерэ сэрэ дызэрощIыу. Абы лъандэрэ зэман дэкIами, ар иджыри псэ жанщ, къабзэщ, псоми гу лъитэу набдзэгубдзапIэщ. Мы дунейм щIыху дахэ тетмэ, Майе абыхэм ящыщщ. И теплъэм хуэдэу, абы и псэри дахэщ. ГъащIэм сыт щыгъуи щыгуфIыкI щIыхущ. Абы дапщэщи и гур лэжьыгъэм хуэкъабзэщ. ЖыпIэнурамэ, Майе и гъащIэр къыгуэхьипIэ имыIэу радиом ирипхащ. Ар къыщыкIэрыхуа е и лэжьыгъэр и пIалъэм щимыгъэззэщIа къэхъуауэ сщIэжырхъым. Сыт щыгъуи и лэжьыгъэ Iуэхур и щхьэ Iуэхум пэщIэ щыгъэщщ ар. Республикэм иц щIыху цIэрыIуэхэм ящыщу ар здынэмысрэ кьимыбгъэпсалъэрэ къэгъуэтыгъуейщ. Дэтхэнэ зыми бгъэдыхьэкIэ зыриз къыхуегъуэтыф, мывэр къыхуэмыгъэпсэльэну пIэрэ хужьипIэну. Ар куэд и уасэщ. Гупым щыгъэрытхэтым и гугъу пщIымэ, ари щапхъэщ. КъыпхуэмыIуэтэну, абы щIыхугъэшхуэ дыболъагъу. Дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ дахэ къыхуегъуэтыф. Майе журналист гъэззэджащ, пщIэ зыхущI цIыхущ. Нэхъыщхьэращи, радиом едаIуэхэр зэпымыууэ абы и псалъэм, и нэтынхэм кьыпопIэ. Сэ срогушхуэ Майе и лэжьэкIэмрэ и дуней тетыкIэмрэ. Тхьэм тхуигъэпсэу! - жеIэ радиом и адыгэ редакцэм и редактор нэхъыщхьэ Тэтрокъуэ Астемыр.

- Майе лъэпкъым кьызэрытхыхьэрэ дигъэгушхуэу, дигъэдахэу, нэмыс кьытхуищIу, гу зыпIыдмытэм лъыдигъатэу кьыздогъуэгурыкIуэ. Ар цIыхугъэшхуэ зыхэлъщ, ди лъэпкъым и пщIэ кьззылажьэ, еш зымыщIэ цIыхущ. И лэжьыгъэм и гугъу пщIымэ, цIыхуищIым зэфIагъэкIыфынур абы и закъуэу илэжьыфынущ. ЦIыху щыпкъэщ, нэхъыжьым пщIэ, нэмыс хуэзыщIщ, дыхуэарэзыщ, - жеIэ Майе и пщыкъуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Мыз Ахьмэд.

Къэралым, республикэм и журналистикэм хуищIа хэлъхьэныгъэфIхэр къальытэри, Мыз Майе къыхуагъэфэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр, УФ-ми КъБР-ми щэнхабзэмкIэ и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и рескомым, СССР-м и Къэрал телерадиом, УФ-м Щэнхабзэмрэ щIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и министерствэм я щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. Ар лэжьыгъэм и ветераншI. Майе и дежкIэ, дауи, зэрихьэ цIэ, кърата дамыгъэ лъапIэхэм нэхърэ, нэхъ лъапIэжщ къедаIуэхэм кьрагъэз дзыхьыр, и псалъэхэр я фIэщ зэрыхъур. Абы къыдэкIуэу и щIэблэр адыгэбзэм, лъэпкъ хабзэм щIепIыкI, еущий. Илъэс 40-м нэблагъэуэ радиом хуэлажьэ, лъэпкъ журналистикэм хэлъхьэныгъэфIхэр хуэзыщI, абы нэхъри зезыгъэужь Майе и пщэрылъхэр щIэщыгъуэу зыкъэзрегъэпэщри, узынщагъэ быдэ иIэу иджыри илъэс куэдкIэ фIыуэ илъагъу Iэнатlэм хуэлэжьэну, и щхьэкIи, и щIэблэкIи гуфIэгъуэ куэд илъагъуну ди гуапэщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Псейм и щэхухэр

● ФщIэн папщIэ

Мы махуэхэм Налшык къыщызэIуахащ Илъэсыщ1э псейхэр щащэну бззэрхэр. Ахэр 8 мэхъу.

КъБР-м щхьуантIагъэхэр щагъэкI и хозяйствэхэм я Iэщ1агъэлIэхм дэтхэнэ зы щэхуакIуэми гупыIэтэ хуащ, псей жыгхэм екъэлIауэ ящ1апхъэхэмкIэ чэнджэщ щхьэпэхэр ират. Абыхэм къызэрыджаIамкIэ, псом яп1э псейм и кьудамэхэм еплъыпхъащ. Абы гъуэжьыфэ къыщIыхьэу хуежьамэ, ар куэдрэ зэрыщIымытынум и нэщэнэщ. КьимыдзкIэ, жыгыр вгъэсаси, и тхьэмпэ мастэхэр имыкIуапIэмкIэ тефIащIэ - жыгыщIэм и тхьэмпэхэр къыпыхунукъым. Жыгыр къэфщэхуа нэужь, занщIэу унэ хуабэм щIэмыхьэу бжэIупэм е балконым махуэ зыбжанэкIэ щыфIыгъ, нэхъыбэрэ щIэращIэу щытыну фыхуеймэ. Псей лъэдий гъумэхэр нэхъ бэшэчщ. Фэтэр куэд хъу унэ зэтетхэм Илъэсыщ1э псейр щыбгъэувыным гугъуехь нэхъыбэ пыщIащ. Ахэр батарейхэм я пэIащIэу, Iэмал имыIэмэ, псы зэрыт кумбыгъэ и гъунэгъу щытмэ нэхъыфIщ. Куэдыр зэрыщыгъуаззэщ, иужьрей илъэсхэм псей жыг щIыкIухэм ятIэр зэрыкIэщIэлъу ящэ. Илъэсыщ1э дауэдпщэхэм яужькIэ ахэр куэбжэпэхэм, унэ бжэIупэхэм щызхэпсэж хъунущ, щIыуэпсым хэщIыныгъэ едмыту. Илъэсыщ1эр икIыу кIэрыхубжьэрыху зэхуэзысIпIэхэм щыкьифIадзэж жыгхэм ятеухуауэ нэгъабэ Iуэху щхьэпэ коммунальщикхэм ящхьалхьащ: псей гъуаэр къьлэм къыщIызэщIакъуэжу, псори зэгъусэу ягъэсмэ, щIыгъэпэщэр хъарзынэ мэхъу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур дыгъэгъазэм и 23-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
Жьэкlэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэс Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-89; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщ1эта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.:76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъуэмэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня**, *редактор* **Жылаэ Замир,** *корректорхэу* **Щlхьэщэмыщ1 Иэ** *(3, 4, 5-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аз1эмэт** *(1, 2, 6-нэ нап.). Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Биц Жанинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзырац.

Газетым Iэ традзэн ухейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.425 ● Заказ №1626